

PANJEBAR SEMANGAT

Directeur : **Dr. R. SOETOMO**Hoofdred. : **IMAM SOEPARDI**

Kala poestaka minggon basa Djawa adhedhasar kebangsan, njebar semangat manoenggalé bangsa Indhonésia.

Regané langganan 1 kwartaal (teloeng sasi) f 1.50. Kena dibajar saben sasi f 0.50. Koedoe dibajar dhisik.
Sawajah - wajah kena ndjalok dadi langganan, nanging jèn lèrèn koedoe ing wekasané kwartaal.

Adrèsé:

Redactie oetawa Administratie
Paviljoen G. N. I. Boeboetan S'baja.

Telefoon } Redactie } Z. 3489.
 } Administratie }

Di wetokaké saben dina Sabtoe déning N. V. Handel Mij. Drukk. „Indonesia" Soerabaja.
Advertentie 1 regel f 0.20; apesé f 2.— sak-pasangan. Kena ndjalok tarief marang Administratie.

WEWENANG LEMAH.

WIS lawas kaoem Indo (pranakan Walanda) ing kéné ndoewéni gagasan lan pandjalok, soepaja wewenangé ing bab lemah (tanah) diombèraké saka wewenangé kang tinampa saiki-iki, bisa padha karo wewenangé wong pribuemi dhéwé, ija bangsa kita iki.

Gagasan kang kaja mengkéné iki, wis mesih dadi kawigatènné masarakat kita kabèh, awit jèn pangarep-arepé kaoem Indo maoe bisa kaleksanan, ora woeroeng kita kabèh bakal nemahi panandhang kang ora dadi idham-idhaman kita kabèh.

Kongrés Parindra kang kepoengkoer, sawisé ngremboeg gilig bab iki, moetoesaké: 1. soepaja paméntah adja toemeli moetoesaké bab wewenang lemah marang kaoem Indo, awit bab iki toemrapé kita doeroeng disinaoe loewih mateng, 2 ndoewéni panemoe jèn wewenang lemah marang kaoem Indo ike ora bisa disarasahaké, jèn wewenangé kaoem Indo ing bab bab lijané, wis padha (satatar) karo wewenangé bangsa Indhonésia.

Pantjèn kepara njata, jèn ing bab wewenang lija lija, kaoem Indo emoh padha karo kita, koedoe ndjalok oenggoel, moela jèn wewenang ing bab lemah, ndjalok padha, bandjoer aran moeng milih sing kepénak waé.

Kita, bangsa Pribuemi, sapérangan gedhé isih ringkih, merga isih akèh sing doeroeng weroeh toelis, moela ribet banget djangkahé, nganti oeripé dianggep tjoekoep sedina sebénggol, ekonominé tansah kalendhah déning lijan bangsa, kang loewih oebet, loewih trangginas, loewih akèh pengalamané lan pangaribawané, nganti ekonominé ing désa-désa, karegem déning bangsa mantja kabèh. Moela saka ike, patoet ta jèn pamréntah asoeng pengajoman, ora moeng ing lajadan ekonomi, nanging oega ngoekoehi marang wewenangé toemrap lemah ing negarané dhéwé.

Dedana lila legawa. Pangawikan rohani, kawignjan lan djasmani.

HAKEKATE ORA LIJA NOELOENGI KITA DHEWE.

DONJA ike isèn-isèné moelja lan papa, begdja lan tjilaka, lara lan kapénak, lan sipat-sipat sapanoenggalané manèh kang sarwa kosok balèn.

Wiwit djaman koena toemeka djaman anjar, kahananing donja ike mangkono waé. Apa bédané djaman Mesir koena, djaman Joenani, djaman Roemawi karo djaman Amerika ing abad iki? Saweroehing sedjarah ora ana bédané. Ing wektoe iki nagara Tiongkok katerak ing pagebloeg larang pangan kang nggegirisi. Apa nagara Mesir djamané Pirngon ija doeroeng taoe katerak ing pagebloeg kaja nagara Tiongkok ing wektoe iki? Tjekaké sesipatan-sesipatan kang kosok balèn ike toemeka ing dina mbésoek langgeng waé. Bebasan „Er is niets nieuws onder de zon" ike kepara njata. Ilanging kosok balèn ike ateges mati, sirna sipating ngaoerip.

Samono oega wiwit djaman bijèn toemeka djaman saiki, manongsa tansah mboedidaja amrih slameting kawoela. Tandha jektiné djaman bijèn toemeka saiki tansah ana agama, tansah ana piwoelang-piwoelang kang moerih karahajon, tansah ana ilèn-ilèn (aliran-aliran) kebatinan, tansah ana para paramèng pangawikan kang medharaké piwcelang, moerih rahajoning doemadi. Nanging parandéné kahanané langgeng waé, ija isih ana kasangaran, kadoerakan, kamoersalan l.l.l.

Nitik saka ike, sakabèhing pamboediné para linowih, para nabi, para santo (soetji) para goeroe kang amrih rahajoning kawoela, saprana-saprané apa ora ana pikolèhé? Pikolèhé ija ana, nanging doeroeng katjandhak

kabèh, awit jèn wis katjandhak, tenèh kahananing donja ora kaja saiki-iki, mesthi tentrem, ora ana roehara, ora ana paprangan l.l.l.

Tjekaké kawoela mesthi rahajoe. Nanging teka ora mangkono, teka malah kosok baliné! Tetela banget manawa pamboediné para nabi, para soetji lan para goeroe maoe, saprana saprané doeroeng ketjandhak kabèh.

Mirid saka ike para maos bisa ngira-ira pijambak, sepira moenggoeh pikolèhé para goeroe kebatinan ing djaman saiki toemrapé dina mbésoek.

Nanging éwa samono adja tjilik ati! Isèn-isèning djagad ike pantjèn ora langgeng. Kang langgeng ike ana sadjabané djagad. Aliran kebatinan ike kena disanépakaké soember. Soember mono kawitan mesthi bening, nanging soewéning soewé, mesthi boethék, djalaran kaoebeg-oebeg déning kang nganggo. Mengkono oega aliran kebatinan.

Ing ngarep wis dak-atoeraké manawa pamboedidajané para soetji amrih rahajoning kawoela saprana saprané doeroeng sepiro-a pikolèhé. Éwa samono kita wadajib mamajoe rahajoning doemadi.

Kita ora kena kema.

Temboeng „mamajoe rahajoning doemadi" ike kasaré kena dak-temboengaké „dedana marang pepadha".

Ana temboeng „dedana" mesthi ana kang „didadakaké".

Anadéné kang didanakaké iki mitoeroet apa kang diboetohaké oetawa kang doeroeng didarbèki déning kang perloe didanani.

Oemoemé kita oerip ana ngalam donja iki nandhang kekoerangan. Emboeh kekoerangan kaperloean kelahiran [sandhang,

pangan, dhoewit l.l.l.] emboeh kekoerangan kapinteran, emboeh kekoerangan kawroeh kebatinan. Oepama kita ora nandhang kekoerangan, tenèh aran sampurna! Moela saka ike ora ana pangawé kang loewih moelja lan soetji, kedjaba dedana, kang ija ateges mbantoe njampeti kekoerangan-kekoerangan maoe.

Mitoeroet anané kekoerangan maoe, ana dedana 3 warna, jaike dedana djasmani kang toemoedjoe marang kekoerangan djasmani, kapindho kawignjan kang toemoedjoe marang kekoerangan kapinteran, kateloe dedana rohani kang toemoedjoe marang kekoerangan kawroeh kebatinan.

mBantoe ngènthèngaké kari-bedaning lijan kanggo sa-edjam waé wis aran dedana kang gedhé. Doeroeng sesasi, sataoen oetawasalawasé pisan.

Pantji gedhé tjiliking dedana ike woeroek-woeroek soewéning tandjané. Dedana, kanggo sesasi loewih gedhé tinimbang dedana kanggo sa-edjam, dedana kanggo sa-edjam loewih gedhé tinimbang kanggo seprapat djam.

Mangkono sapitoeroeté. Dadi dedana kang endi kang gedhé dhéwé? Wis mesthi waé dedana kang kanggo salawasé.

Mitoeroet para soedjana, dedana kang kanggo salawasé ike ora lija dedana kang awoedjoed kawroeh kasampoernan (kasoenjatan. Samangsa wong wis njekel pathiné kawroeh iki, wis ora ana karibedan manèh.

Nomer loro jaike dedana kang njampeti kabotoehaning pikir (intellect). Adja dikira kang ngelak lan ngelih ike moeng raga waé. Sanadjan pikiran ija nandhang ngelak lan ngelih. Déné kang bisa nambani lelara ngelak lan ngelih iki ora lija moeng ombèn-ombèn lan panganing pikir, jaike kawignjan.

Wareging pikiran bisa tahan soewé, bisa sasèn-sasèn tetaoenan. Ja bener sadhéla-sadhéla krasa ngelak lan ngelih, nanging antarané loewé sidji lan tjandhaké, ike soewé. Béda karo loewéning weteng oetawa ngelak kang saiki kita toeloengi, mengko-mengko mesthi koemat manèh ngelihé

oetawa ngelaké. Wong memalanan kang saiki kita tambani, sésoek-sésoek mesthi bali lara manèh. Kang ikoe dedana kang asor dhéwé dradjadé jaikoe dedana kang njampeti karibedaning djasmani.

Nanging ing kéné kita ora perloe regedjegan bab asor loe hoering dedana. Ing dhoewoer ikoe moeng minangka peprintjèn waé. Ora nedya njepélékaké dedana kang kanggo njampeti kekoeranganing djasmani. Kita ora perloe mamang marang kang arep kita danakaké. Pertjojoa marang badan kita dhéwé. Nadyan si Soeta angsoeng dedana kang ora mbedjadi, kita ora perloe ngrèwès marang apa kang arep kita danakaké lan adja dipeksa. Djer sembarang ikoe jèn kapeksa, dadiné koerang kapènak. Apa kang perloe lan kita lila legawa, angsoengna!

Apa kang ana lan kita dhangan, angsoengna. Djer dedana mono ora kanggo golèk pangalambana, nanging kanggo nglantih „lila legawa.“ Mesthi waé kita kepéngin dedana kang akèh, kang adji, kang agoeng, nganti toemeka... koerban dhiri, njorohké djiwa raga kanggo majoe rahajoening doemadi.

Nanging sadoeroengé kita tekan tataran kang semono, perloe kita nglantih saka serhithik tanpa pegat. Angsoengna apa kang sekira kita lila, lan angsoengna apa apa mitoeroet kabisan kita.

Ing ngarep wis dak-atoeraké menawa pamboediné para pradoeriting kaoetaman, saprana saprené prasasat tanpa pikolèh, iki apa wahanané?

Manoet wedjangané Swami Vivekananda, kita iki hakékaté ora bisa noeloengi djagad. Kanggo saentara bisa. Nanging éwasamono kita koedoe mamardi kaoetaman iki djatiné ja noeloengi kita dhéwé.

Nadyan ing semoe noeloengi lijan, nanging djatiné noeloengi kita dhéwé. Tjoba rasakna sing temenan! Kaja kang wis dak-atoeraké ing ngarep, dedana ikoe kanggo nglantih „lila legawa“ Ing mangka „lila legawa“ ikoe wewatakan kang loehoer banget. Kang ikoe kita malah matoer séwoe noewoen marang Pangéran, déné olèh noegraba, kang awoedjoed kalonggaran kanggo memajoe kaoetaman, kang ja ateges noeloeng kita dhéwé, jaikoe nggladhi soetjining rohani kita. Kita nedha nrima marang wong kang karibedan. Jagéné? Sebab kita olèh kalonggaran mitoeloengi dhéwéké, alias nggladhi soetjining rohani kita. Mengkono oega marang bangsa lan noesa Indhonésia, kita matoer sembah séwoe noewoen, déné kita olèh kalonggaran kalonggaran kanggo angsoeng soembangsih, kang ija ateges nggladhi soetjining rohani kita.

Dadi wedjangané Swami Vive-

kananda maoe dak-ambali manèh: Dedana marang pepadha ikoe ija ateges mitoeloengi kita dhéwé.

Pepali ikoe koedoe kita tjandhi ing sadjroning batin. Jèn wis toemantjeb temenan, genah kita ora bakal owel-owelen manèh anggon kita arep dedana, ora aras-arasen manèh anggon kita arep njamboetgawé kanggo noesa lan bangsa, satemah me thi ana „bandjir“ dedana. Soembangsih mesthi bakal titel matikel, tikel ping sepoeloh, ping satoes, tikel ping ora karoewan. Karo manèh kita mesthi ora bakal ngegoeng-egoengaké kadarman kita.

Ngegoeng-egoengaké ikoe watak alaning ala, bisa noemoehaké semangat reboet deg, mesthi nganakaké tjrah. Jèn wis tjrah, sedya marang kaoetaman maoe mesthi kalimpoet, djer kelantoer nggonné tjrah waé. Nanging samangsa kita pana, manawa kaoetaman ikoe minangka pangabekti marang Goesti, watak seneng ngoemoek-oemoekaké maoe sanalika mesthi laroet. Anané moeng kari toemindak dhéwé dhéwé, metoe dalanné dhéwé dhéwé, nganggo tjarané dhéwé dhéwé. Ora ana pojok-pinojokan, itjoek ingitjoekan, semon-sinemonan, reboet oenggoel l. s. p. Panganggep sidji lan sidjiné mesthi kekantjan, oermat-ingoermatan.

Kaping teloené ora bakal kita ngadjab baliné soembangsih kang kita angsoengaké. Wis dakatoerake manawa kaoetaman ikoe minangka pangabekti marang Goesti. Djeneng pangabekti mono wis pasrah. Dadi kang kagoengan Pandjenengané, kita ora wenang ngadjab wohing kaoetaman kanggo kita dhéwé. Ngabekti kita wadjab, nanging ngoendhoehi wohé (kaoetaman) kita ora wenang.

Kawoela ikoe kena kita oepamakaké kajadéné prijaji kemit boemi, jaikoe toelang kebon ing kraton kang gawéné nandoer woh-wohan kanggo ratoe lan resesik palataran. Apa wenang kemit-boemi ngoendhoehi woh-wohan, pelem. djamboe l. s. p. ing kraton? Ora! Kang kagoengan sang ratoe.

Kang ikoe merdija kaoetaman. Kaoetaman dalah woh-wohé oendjoekna marang Pandjenengané.

Kaping par, jèn kita wis njakoep temenan wedjangané Swami Vivekananda maoe, ora perloe manèh kita regedjegan perkara ngè-moe kang moeloek-moeloek. Ora perloe goleak goeroe kana kéné, ora boetoe piwoelang kebatinan klenik kang tanpa tandja, kang moeng kanggo awak dhéwék, ora migoenani toemrap oerip bebrajan. Élinga, isih akèh kang koedoe kita toeloengi, kita danani, kita soembangsi.

Kang ikoe merdija kaoetaman: teteloeng dedana lan angsoeng soembangsih kanggo slameting oerip bebrajan.



PROTÈS ALOES

Djoeragan kandha marang boeroehé: San, gènéja jèn kowé njamboet gawé kok ngoeler kaja tjatjing, ora kaja jèn mangan, tadahmoe akèh. soewé, toer rikat.

Boeroeh: Mesthi mawon loerah, tjobi dipoen galih, anggèn koela nedha wonten ngriki dipan-

KABAR ADMINISTRASI.

KALOEMRAHANNÉ saben sasi kita kirim postwisselformulier marang abonné-abonné kita. Djalaran saka ikoe akèh oega sadoeloer kang wis mbajar langgananné, bandjoer nampa postwisselformulier manèh. Toemrap sadoeloer-sadoeloer kang wis padha njoekoepi kwadjibanné ikoe, postwisselformulier tagihan ikoe mesthi waé ora perloe dianggep.

Kadjaba saka ikoe jèn kirim lajang oetawa dhoewit para sadoeloer kersoa paring nomeré abonné pisan, soepaja gampang pangoeroesé.

Gegajoetan karo kèhé langgan arjar, kapeksa adm. toemindak streng, moela sing doeroeng mbajar, énggal ngloenasana.

tji kedah 1/4 djam, njamboet damel koela kedah 11 djam. Tjobi jèn diwalik, nedha 11 djam, njamboet damel 1/4 djam, mesthi rikat angsal koela njamboet damel.

(S.H.)

OBRAL.

Bakoel: „Ajo, ajo, mas, obral! Ès sak-sèn kena ngombé sagelemé!“

Simin: „Akoetoe sasèn!“


Simin: „Manèh.“

Bakoel: Éndi dhoewité?“

Simin: „Lo, djaré maoe sasèn kena ngombé sagelemé.“

Bakoel: „Pantjèn, ija kena ngombé, sagelemé, karo ngadeg, diombé karo linggih, karo ndjengking, ja kena sagelemé!“

Djaja Kwa



Ing dhoewoer iki gambaré kapal-kapal Inggris kang amot barang panganan kanggo Bilbao, nanging djalaran pelabohan Bilbao Spanyol ikoe dikoeroeng déning kapal perang pemberontak, kapal-kapal Inggris maoe ora bisa loemeboe, lan kapeksa loemeboe pelabohan Prantjis ing Jean de Luz.



KAWROEH BAB COOPERATIE.

II.

WONG padésan kang oerip gegrombolan maoe saja lawas ora bakal katjonggah gawé barang kaperloewanné wong akèh, saja manèh bareng wis kepénak lakoening nekakaké kabotoehané saka nagara lija. Dadi kepeksa moeng gawé barang kang disenengi wong sakiwa-tengené sarta kang wis koelina nggawé. Oepamané si Soeta koelinané nggawé genthèng, ikoe dhéwèké moeng nggawé genthèng baé, ora kaja djaman bijéné, gawé barang kaperloean oerip lan gawé barang sandhangané dhéwé. Dadi pagawéjané akèh banget.

Nanging saiki gawé barang kang wis dikoelinani, lan panggawéné dilowihni karo kabotoehané dhéwé, preloené loewihané didol, pepajoné kena kanggo nekakaké barang saka lija nagara kang kelawan rega moerah.

Djaman arta-arti iki bisa ndjembaraké pangoripané wong lan awèh tambahing dalam kang ngenjer menjang kamoeljan, marga andoeming pakarjan sidji-sidjining golongan mitoeroet kaprigelaning dhéwé, saja samporna. Réhné saka betjiké andoem gawé kaja kang kaseboet ing ndhoewoer, golongan-golongan maoe padha milih papané dhéwé-dhéwé kanggo njampoernakaké panggonané, oepamané wong tani milih panggonan kang djembar lan sawahé loh, ketiga rendheng kena ditan-doeri, dadi kabèh tatandoerané bisa metoe akèh lan loemintoe, pangedolé gampang, wosana pradjané noeli moendhak redja. Moeng baé jèn wis ngantjik djaman kaartan maoe, oeripé isining pradja maoe ija saja abot koewad-jibané.

Wong akèh koedoe sregep golèk kawroeh kang djembar lan boedi kang santosa. Ing djaman maoe wong bodho lan koerang tegoeh bakal toemiba ing kemlaratan.

Satemené kanggo awaké loewih betjik oeripé, ing djaman oerip mandjila.

Tjoba ajo golèk toeladha wong tani ing padésan kang isih doeroeng ana dalanné gedhé, dadi isih misah temenan karo koetha. Bareng sawidjining mangsa dalané gedhé wis digawé tekan kono, para dagang ing koetha kang maoené sadje, djombleg ora mrono teka noeli mrono, ngebjoe-gi, preloe arep majokaké dodolané lan golèk koelakan barang kang pajoe didol ing koetha. Apa manèh klonthong kang wis te-poeng marang wong-wong ing

désa-désa, kang katerangaké ing dhoeuwer maoe, dhasar pinter nawakaké barangé lan bisa ngepèk ati oetawa ngénaki atiné para tani sing ditekani maoe. Tamtoe baé para tani kang maoené moeng seneng nganggo sarwa tenoenan, saiki atiné katarik seneng marang barang anjar kang dadi dagangané bakoel klonthong maoe. Oepamané: Tjita, saroeng plékat wadhah rokok lan sapanoenggalané. Oepama awèha sing adol, rékané barang kang disenengi ikoe, arep diidjoli pametoené lemah, kajata saroeng diidjoli pari sagédhèng.

Nanging sapira ta kagété para tani maoe, bareng kroengoe wangsoelané kang doewé, jèn barang-barang kang digawa iki ora kena diidjoli nganggo pametoelé lemah, nanging koedoe ditoeke nganggo dhoeuit. Karo manèh oepama gelema diidjoli pari, ora tjoekoep jèn moeng rong gédhèng baé, nanging sedhengané patang gédhèng. Mangka toerahané pari sing kanggo pangan saben dina nganti toemekané panèn moeng rong gédhèng koewi, kaprijé manèh rékané?

Klawan nggoe-joe-nggoe-joe sing doewé barang maoe bisa moeloet atiné wong tani sing seneng saroeng maoe. Kandhané mangkéné: Akoe kok welas banget marang kowé, kang! enja ta wis péken saroeng kang kok senengi, anggeré mbésoek panèn ngarep iki kok bajar, regané iki moeng f 5,—. Mangka anggoné koelak moeng f 2,—. Sapira ta boengahé wong tani kang képingin nganggo saroeng maoe, bareng saroeng diwénéhaké lan kena dietang.

Ing batin ngalem marang kabetjikané klonthong maoe.

Ora weroeh jèn diapoési melèk melèkan.

Tionghoa klonthong (bangsa dhéwé ija ana) saja toeman nekani langganané kang isih gampang diplemboek maoe, lan dagangané saja diakèhi, goela, tèh, mbako, grabah bala petjah, lan sapanoenggalané. Langganané saja tambah lan koelinané oetang. Dadi saiki para tani maoe wis kadhedheran widji oetang.

Soewé-soewé oetangé saja akèh, weksané kepeksa ngedol pametoelé lemah sadoeroengé ngoendhoe sarana rega moerah banget. Nanging kosok baliné, jèn para tani toetoeke kabotoehané koedoe rega larang.

Loemrahé wong tani ing désa, kang katembèn mboetoehaké dhoeuit kaja ing dhoeuwer ikoe, sok toemiba ing kala pratjika lintah dharat, nganti ora bisa oetjoel manèh.

Ananging wis dadi papesthèning kodrad, jèn wong oerip ikoe ora bisa ontjat saka dajaning sesrawoengan lan boetoehé oerip ija koedoe ndjoepoek saka lija panggonan.

Saranané kanggo ngoedi kamoeljan jèn samangsa wis kapeksa mboetoehaké dhoeuit, sing ngati ati lan koedoe dipetoeng. Jèn dhoeuit papajoné woeloe wetoe-ning pakarjan, koedoe timbang karo dhoeuit kang dietokaké kanggo toetoeke boetoe, soekoer jèn bisa toerah. Soepaja bisa klakon kaja kang kaseboet ikoe, koedoe meroeli bakal kang klakon gemi nastiti, ngati-ati lan santosa tékadé. Dadi saben dina tansah ngéling-éling lan ndjaga tampané lan metoené dhoeuit.

II. Bédané coöperatie lan toeloeng - tinoeloeng ing djaman koena.

Wong désa kang doeroeng pati djembar kawroehé, meksa boetoe marang toeloeng tinoeloeng, perloe majaraké pagawéjané. Saja akèh baeoné, saja rikat lan énthèng garapané. Tjarané toemindak tanpa katata kelawan pranatan kang angèl tjak tjakané. Jèn wis rampoeng garapané, ija bandjoer bar.

Kang dikarepaké coöperatie ikoe ngembat sawidjining pakarjan babarengan, ora moeng kanggo sakempjangan baé, nanging taoenan, soekoer jèn salawasé.

Moelané pranatané pakoempoelan ta koedoe kang samporna. Pagawéjané para wargané ora ngemoengaké oeroen bae soekoe baé, nanging ija wadjib bebarengan nindakaké lakoening pakarjan kang ditindakaké. Oepamané motangaké dhoeuit, toetoeke oetawa adol bebarengan.

Gotong rojong tjara koena moeng thoekoel saka kabotoehaning wong kang roemangsa ora bisa mentas dhéwé, dadi tansah kawengkoe ing lijan sarta koedoe ana sing ngajomi. Moelané wong koena doewé bebasan kang koedoe ditoeoet: „Désa mawa tjara, negara mawa tata.“

Sing sapa wani nradjang wewaleré adat, sida diarani wong ora loemrah oetawa ora ngreti ing adat.

Coöperatie béda banget ka'anané. Sabab woedjoed pakoempoelané wong wong kang padha nganggo nalar, ora moeng ela-éloe, sarta wis bisa nrengani awaké saka panemoe kang mérdika maoe, bandjoer doewé djangka ngoedi marang kamoeljan sarana bebarengan nindakaké pakarjan.

Mirid katerangan ing dhoeuwer rak ija wis tjetha. Jèn ora angger toemindak toeloeng-tinoeloeng oetawa sambat-sinambat kena dipadhakaké coöperatie, tegesing temboeng kalah djembar tinimbang kaanané.

Apa kira kira ora ana iketaning oekara kang kena dianggo moedjoedaké pakoempoelan maoe, soepaja bisa gampang anggonné mbédakaké pakoempoelan maoe, karo bangsaning koempoelan bantoe-binantoe lijané? Ananging jèn moeng saekara baé bokmanawa meksa ora bisa. Amarga coöperatie ikoe doedoe anggitan oetawa karanganné Poedjangga kang baeot ngothak-athik panemoe ana ing médjané panoelisan. Koempoelan bebarengan ngoedi kamoeljan iki thoekoel dhéwé ing sate-ngahing djagad karaméjan.

Sipaté mawarna-warna mitoe-roet kang di oedjoe, ora kena dipathoki nganggo bebasan kang ora kena owahi.

(Ana tjandhaké).

KARTOWINARSO.



George Lansbury pemimpin kaom boeroeh Inggris kang midermider nemoni panggedhé-panggedhé pirang-pirang negara, ndjaloe soepaja dianakaké konperénsi kanggo ngroekoenaké bangsa.



LELARA MALARIA.

Toemoelaré lelara malaria.

II.

ING ngarep wis dak terangaké, manoen paniti priksa sing njata, lemoed Anopheles ikeo toekang noelaraké lelara malaria, malah sing mentjaraké doedoe l moed Anopheles lanang, nanging lemoed Anopheles wadon.

Moenggoeh toemoelaré lelara malaria saka wong sidji menjang wong sidjiné, ikeo mengkéné:

Dhisiké djingklong Anopheles wadon njakot wong kang lara malaria, mesthi baé widjining lelara katoet keserot lemoed bebarengan karo getih, teroes loemakoe ana ing wadhoké. Ing antarané widji lelara [kroema malaria] maoe sing sapérangan ana kang wadon, sapérangan lijané wadon. Sing lanang awoedjoed c l mawa soeloer, déné sing wadon mawa brendjolan sing ana tjrimplenganné. Manawa kroema rong warna ikeo padha diwasané, ana ing wadhoké lemoed bandjoer padha kawin. Tjarané kawin, ora kaja saloemrahé wong, jaikeo cel lanang dhisiké soeloeré prèthèl, bandjoer mandjing ing tjrimplenganné cel wadon. Jèn wis kawin, cel kawinan bandjoer nemboes daging wadhoké lemoed, toemoeli metoe andjog ing banjoe awak. Ana ing kono bebrananan, wekasan padha ngloempok kabèh ana ing klandjer iloe.

Manawa lemoed ikeo krasa loewe, bandjoer njoebles koelité wong nganggo pirantiné, karo ngetokaké iloe ing getih. Wongé bandjoer katòetan kroema malaria, asalé saka klandjer iloe lemoed.

Koelit bareng ketaman iloe lemoed krasa gatel, moelané getih kiwa tengenné koelit ikeo padha teka mrono, perloené noelak iloe maoe, wekasan mbintoel, djalaran saka kèh: kang teka toemoeli diserot lemoed, nanging kroemané ora mèloe, kari ing djeron koelit wong. Ana ing kono kroema malaria ngoereki cel getih abang, déné tjatjahé akèh banget.

Cel getih abang kang dioereki kroema malaria, bandjoer mlembong, ing djero ana reroepan kaja gelang, ikeo kedadian saka kroema maoe.

Bisané kroema malaria mleboe ing cel getih abang, sarana piranti aran toxine. Mleboené toxine ikeo tamtoe baé ditoelak dening gamanné awak, jaikeo anti toxine. Anti toxine, ikeo gawéjané eiwit getih lan cel getih poetih. Ananging sarèhné kroema malaria sing ngroesak ikeo tanpa wilangan tjatjahé, mangka

anti toxinené moeng sethithik, moelané kwalahen panoelaké, ora kwagang nanggoelang, wongé ketjandhak ing lara malaria.

Nalikané kroema malaria ikeo mangan isiné cel getih abang, saja diwasa awaké, wasana metjah metjah tangkar-toemangkar wiwit 10 tekan 30, sarta sidji-sidjiné petjaban ikeo dadi ana (parasiet) kang nom. Sawisé dadi petjaban ikeo njoebles dhindhingé cel getih abang lan toemoeli mandjing mleboe ing banjoe getih.

Nalika mengkono ikeo badané kang lara krasa gregesen adhem, terkadhang bandjoer ndhrodhog katisen, sirahé krasa ngeloe banget, kaja-kaja arep petjah rasané, soewéné ana sawatara djam.

Sawisé mengkono, parasiet tjilik-tjilik maoe bebarengan ndjang cel-cel getih abang lijané, wongé mari katisen, nanging bandjoer panas dadakan. Panasé sok banget lan mbebajani, terkadhang nganti 40 grad celcius, ora énggal-énggal moedhoen, terkadhang soewéné nganti 4 tekan 8 djam lagi koerang panasé. Nalikané manasi, badan ora bisa kringeten babar pisan, terkadhang moetah-moetah. Jèn botjah kang ketradjang, marga saka panasé ngetoké banget sok mbanjaki, malah sok ora éling.

Sawisé wongé ketaman panas 8 djam soewéné, toemoeli panasé mlorod akèh banget, nganti panasé koerang saka panasé wong bagas kawarasan (37 grad celcius). Awaké bandjoer ndhrodhog kadhemen (katisen), ngetokaké kringet akèh, awaké krasa marloepa, ora ndoewèni kekoewatan.

Jèn wis mengkono ora krasa adhem manèh, djalaran malaria parasiet isih ana ing djero cel getih abang. Nanging jèn wis tangkar toemangkar, bandjoer ndedel dhindhingé cel, bisa koemat manèh dadi adhem, wekasan salin panas dadakan, bandjoer adhem manèh, mengkono sabandjoeré adhem-panas baé.

Moelané botjah botjah oetawa wong kang ringkih badanné ija asring baé tiwas déning lelara malaria, semono ikeo jèn ora olèh tamba kang moestadjab.

Ana manèh sawidjining lelara malaria iki bisa owah pikiranné, terkadhang ndadèkaké ing tiwasé.

Woedjoedé wong kang kena lelara malaria ikeo mengkéné: roepané poetjet (kekoerangan getih), badanné ora woetoh ajam, kisoet, lan wetengé mblendhing, djalaran cel getih abang kang roesak dikirimaké menjang limpa, ana ing kono perloe dileboer manèh. Nanging sarèhné akèh banget cel getih abang kang roesak, moelané limpané dadi mlembong, wetengé mblendhing.

Kedjaba roesak awaké, oetegé koerang toemindaké memikir, moelané pikiranné moeng sathithik, atiné ora ledjar, koerang koewat njamboet gawé, oemoeré saja soeda-soeda, bisa dadi lan patiné.

Dadi tjetha banget, sapira penandhang lan sangsarané wong

kang kena lelara malaria, dhèwèké ora bisa netepi lewadjibanné oerip ana samadyaning bebrajan oemoem.

5. Panoelaké lelara malaria.

Sarèhné lelara ikeo manawa dienengaké baé bakal saja ngambra-ambra dadiné, moelané wadhib diréka daja moerih énggal sirnané. Tjara panoelaké soemebaré lelara malaria ikeo kena kapérang dadi 3 prakara, jaikeo:

a. Ichtijar kanggoné wong kang lara.

b. Ichtijar njirnakaké lemoed lan oeget-oegeté pisan.

c. Ichtijar ndjajomi wong kang waras.

Moenggoeh djèrènganné ichtijar 3 bab, kaja kang kaseboet ing ngisor iki:

a. Ichtijar kanggoné wong kang lara.

Kanggoné wong kang lara malaria, wis ana tamba pirang-pirang warna, nanging tamba sing misoewoer dhèwé mandjoeré, toer wis 300 taen lawasé, jaikeo: kininé.

Kinine ikeo kaloemrahanné didol awoedjoed tablèt, loemrahé wong padha ngarani pil kininé. Tamba iki wis soemebar menjang endi-endi, ing sadhéngah toko tamtoe anané, malah wis tekan ing désa-désa barang.

Déné tjara panganggoné pil kininé ikeo koedoe nganggo pranatan, kaja kang wis ditetepaké déning Dienst der Gezondheid (D. V. G.), jaikeo kang wis dikatoetaké ing boentelé pil kininé. Pamrihé soepaja adja nganti panggoentalé pil ngliwati watesing oekoeran, awit jèn nganti kliwat wates, sok mbebajani.

Wong sing djedjamoe kinine, terkadhang koepingé rada boedheg, marga saka dajané kinine ikeo, nanging mengkono ikeo ora njilakani ora barang.

Sanadjana panganggoné kininé ikeo wis diterangaké kanthi tjetha déning D. V. G., éwa semono prajogané sing lara disoewoenaké priksa marang dokter, djalaran dokter ikeo loewih mangerti bab lelara tinimbang kita.

Kedjaba ditambani tablèt kinine, prajogané ing wajah bengi sing lara malaria, toeroe ing patoeron kang ana klamboené rapet, sabab lemoed malaria kaloemrahanné menawa njakot wong moeng ing wektoe bengi baé.

b. Ichtijar njirnakaké lemoed.

Rékadaja kanggo mbrantas lemoed saoged oegedé pisan ikeo warna warna, ing kéné dak terangaké sawatara:

1. Angger mapan saré, prajoga ngobong obat njamoek, djalaran koekoesé obat iboe bisa

BATIK HANDEL

S. RAFIEDAH

KAOEMAN DJOKJAKARTA.

Tjolahlah pesan pada adres kita di atas ini batik-batik keloearan:

Djokja, Solo, Tasikmalaja, Toeloengagoeng d.l.l. dari jang paling kasar sampai jang haloes.

Kain pandjang dan saroeng moelai dari harga f 20.— f 22.— f 30.— f 40.— sampai f 50.— per kodi.

Ikat kepala selendang, moelai dari harga f 9.— f 12.— f 15.— f 20.— f 30.— sampai f 36.— per kodi.


Kain kain pandjang dan saroeng saroeng jang haloes dari soeratan atau tjap haloes model model matjam 2, en babaran koeat moelai dari harga f 3.— f 3,50 f 4.— f 5.— f 7.— sampai f 10.— per lembar.

ATOERLAH PESANAN

Boeat didjoel lagi toean toean akan dapat moerah dari kita. Tentoe toean akan dapat oentoeng bagoes. Pesanan, banjak atau sedikit selamanja diterima dengan senang hati. Pengiriman selamanja dengan reimbours.

PRIJSCOURANT

bergambar batik dikirim pertjoema. Menoenggoe pesanan dengan hormat.



matèni lemoed. Sing adol obat iki loemrahé toko Japan.

2. Matèni oaget oaget kang manggon ing rawa rawa sing ora kena diesat oetawa angel di'il-kaké menjang kali, sarana lenga Solar oetawa Parijsch groen. Déné tjarané, jaikoe angger samèter pesagi, tjoekoop ditètèsi lenga sasèndhok tèh. Mesthi kita koedoe nganggo lenga kang regané moerah baé, kena oega lenga motor kang wis ora kanggo, djalaran lenga motor kang mentas kanggo moeng dadi boewangan baé. Jèn migoenakaké lenga ikoe, sadoeroengé loewih dhisik thethoekoelan kang ana ing rawa kono direstri lan diboewangi. Saben saminggoe sapisan prajoga ditètèsi lenga manèh.

3. Ngingoe iwak [kang apik iwak kepala temah] ing tambak, soemoer, djedhing, djoeblangan lan lija lijané, awit iwak iki karem banget mangan oaget-oaget.

4. Ngesat panggonan kang loemrahé diendhogi lemoed, jaikoe: ngoeroegi kalèn kalèn kang ora ana goenané, ngilèkaké banjoe kang mambeg, mbetjiki kalèn kalèn soepaja banjoené bisa mili teroes teroesan, ngoeroegi tjowok tjlowokan kang ana sakiwa tengené pomahan.

Sakabèhing barang kang mloemah sing bisa kisènan banjoe sanadana moeng saimid banjoené, prajoga dikorebaké oetawa dipetjahi, kaiata: blèg, kendhi pethol, kendhi kang botor lan lija lijané. Djalaran menawa mangsa terdheng barang barang ikoe pasthi isi banjoe oedan, sing bisa ora asat asat, terkadhing ngganda aros oetawa banger. Banjoe kang mengkono ikoe dienggo enggon ngendhog déning lemoed-lemoed.

Nindakaké rékadaja mengkono ikoe gedhé banget paédahé, loewih loewih menawa para kantja priboemi bebarengan nindakaké, pasthi pigoenané saja tambah tambah, djalaran sing bakal toempes ikoe ora ngemoengaké lemoed malaria baé, sanadjan oaget oaget lemoed loemrah ija katoet toempes.

c. Ichtijar ngajomi wong kang waras.

Tjarané bab iki ija roepa-roepa, oepamané mengkéné:

1. Wong sing omahé tjedhak pasisir oetawa tjedhak tambak, manawa jasa omah anjar prajoga leté karo segara oetawa tambak maoe sathithiké 4 km dohé. Kadjaba saka ikoe, prajoga manawa ngadegaké omah sathithiké let 1 km saka kedhatonné lemoed.

2. ngGosok péranganné badan kang ora ketocopan sandhang nganggo lenga poetih oetawa lenga seré, jaikoe manawa nga-


repaké mapan saré oetawa wantji saré.

3. Saben seminggoe sepisan prajoga ngoental tablèt kinine kanthi atoeran kang wiskatetepaké déning negara (D. V. G.) awit sapa weroeh ing djeroning badan kita isih ana karèn - karèn kroema malaria.

4. Waktoe bengi kita prajoga toeroe ing patoeron kang maoe klamboe rapet soepaja ora ditjakoti lemoed.

Wasana samono baé andharankoe bab lelara ma'aria, moega² ana pigoenané toemrapé bangsa kita saemoemé.

DARMOWIJONO.



POETRI NGERIT.

Dedongèngan bab goewa Ngerit.

Dening: T. M.

[Tjandhaké P. S. No. 38]

BANDJOER padha ngoenoes pedhangé, pedhang pine-dhang genti, ora ana gigrig woeloené saeler, jèn pedhangé thethoel pangongkalé ija ana watoe maoe. Ana sawenèhing wong kang ngandhakaké jèn sapréné keris sing

sidji isih, ora ana wong sing wani ndjoepoek, lan ija ora angger oewong diweroehi, doenoengé keris maoe ora mesthi, terkadhing ana sanjisoré gradjoan, terkadhing ana galangan, djaréné ngentèni kang bakal doewé waris; déné keris sidjiné wis tinemoe wong aran Kaderi watara 60 taon kepoengkoer, saiki ora karoewan doenoengé.

Sarèhné perangé Rangga Pesoe lan Demang Tangar ora ana woesanané. Sang Poetri roemangsa grisinen, soemedia lolos ngontjati, lampahé mengalor. Rangga Pesoe lan Demang Tangar bareng weroeh jèn Sang Poetri lolos bandjoer padho niengklok djarané noetoeti. Sarèhné tindaké Sang Poetri sajah sèndhèn ing kajoe, panggonané lerep Sang Poetri maoe sapréné katelah désa Sèndhèn, nanging kelantoe ing basa dadi Sèndhèn.

Lampahé Sang Poetri kepangkalan kedhoeng, réhné adjrih jèn kasalak ketoetoetan, bandjoer nggebjoe baé, slamet tekan sabrangé kali. Demang Tangar lan Rangga Pesoe ija bandjoer nggebjoe sadjarané, dilalah ana kono djarané ambles ilang, panggonan ilangé djaran maoe katelah aran Kedhoeng Djaran.

Demang Tangar lan Rangga Pesoe ora madoeli djarané, teroes mboedjoeng Sang Poetri sinambi pedhang - pedhangan. Katonné Sang Poetri bédel sanjisoré kajoe, nanging bareng diparani wis ora ana, soewe nggoné nggolèki, sarèhné panggonané roengkoed ija lajak baé jèn wong loro maoe ora weroeh. Panggonan ilangé Sang Poetri maoe sapréné isih, ana wringiné sarta metoe oemboelé

karan oemboel Silap, ana koe-toeké gedhé - gedhé, nanging ora ana wong kang wani ngalap iwaké, doenoengé sawétane pasar Kampak tjaket.

Sarèhné tita ora ketemoe, pamboedjoengé ditoetoegaké menggelon, wasana Sang Poetri wis katon ana sapoetjoeking goenoeng, karo ngemban golèkan kentjana, karo ngrerepèni golèkané „La, léla, lé dhong.“ doeroeng toetoe geselak ketoengka tekan kang mboedjoeng, Sang Poetri tindak menggelon. Poenthoek panggonané Sang Poetri ngléla - léla golèkan maoe sapréné katelah goenoeng „Gadhoeng.“ panggonan sakoloné poenthoek maoe karan dhoekoeh Melila. Ja ing poenthoek ikoe bakal panggonané Sang Poetri mretapa salawas-lawasé. Ing poenthoek ikoe pantes jèn tilas pratapan, sabab panggonané gasik, ana padoepané watoe kang ingoekir. Prenahé sakoeloné pasar Kampak tjaket, saeloré dalam menjang Dhangka.

Sang Poetri tindaké mengidoel ngliwati kedhoeng kang dawa, katelah sapréné karan dhoekoeh Kedhoeng dawa.

Tindaké Sang Poetri teroes mengidoel, ing sapringgiring dalam ana djedjaka, bareng weroeh Sang Poetri kamitenggengen njengongoh (mlongo) ora bisa ngotjap, soemlengeren, weroeh soelistyaning warnané Sang Poetri, nganti ora weroeh menjang ngendi paranné. Bareng Rangga Pesoe lan demang Tangar tekan panggonané djedjaka maoe takon apa weroeh parané Sang Poetri, djedjaka ora bisa mangsoeli pangkah njengongoh baé, moelané



Heil Hitler! Hidoep Hitler — Botjah - botjah tulik ing Berlin kang padha djédjèr-djédjèr baris karo nggawa kembang ana ing sangarepé Rijkskanselarij soeng pakoermatan marang Führer (Pemimpiné) nalika mèngeti dina taon kelahiranné. Saradhahoe-saradhahoe Stahlhelm ndjaga botjah-botjah kang padha asceng pakoermatan ikoe.

panggonané djedjaka maoe sapréne ketelah désa „Tjengongoh“ ing kono ija ana patilasané, sarta ana petjahpetjahané barang koena.

Tindaké Sang Poetri kapregok djoerang kang ndhedher, kebe-neran sadhoewoeré djoerang ana wongé, Sang Poetri nedha toeloeng, wong maoe ngoeloeri ojed. Sang Poetri dieloer nganggo ojed. Katelah kongsi sapréne panggonan maoe karan Ngoeloeran, nganti saiki dalané ija isih ndhedher; tindaké Sang Poetri teroes mengidoel. Demang Tangar lan Rangga Pesoe olèhé noetoeti ija bandjoer baé, nganti tekan ing sawidjining poenthoek kang dhoewoer, Sang poetri wis katon adoh banget tawang-tawang (lamat-lamat) ing sapinggiring segara kidoel, moela poenthoek maoe kongsi sapréne karan Tawang laet.

Ana poenthoek kono sarèhné sajah banget padha ngaso, sakaroné padha mbabati godhong temoe kanggo ngipiti awaké.

Bareng wis ilang sajabé, bandjoer ngadeg pedhang-pedhang manèh, wis dilalah bareng mentas padha epjok-epjokan godhong temoe, sakaroné padha bisa tedhas kataman pedhang tatoené banget, sakaroné padha mlajoe arep golèk soember nedya ngombé, tekan sapinggiré soember ambroek, mati bareng, getihé blambangan, panggonan maoe ija karan Lemah bang, lan jèn disawang banjoené soember maoe ija abang, nanging jèn ditjidhoek bening Katelah kongsi sapréne wong satjedhaké soember lemah bang lan Tawang laet maoe padha njirik ora gelem mangan oetawa djamoe temoe.

Moenggoeh pasaréanné rangga Pesoe lan Demang Tangar ikoe ora karoewan, apa djisime entek dipangan kéwan alas ija ora ana sing weroeh. Moeng baé ing satjedhaké kono rada adoh, doemoeng lambcengé goenoeng Manik ana pasaréan loro kang dawa-dawa, karan setana Pandjang, oega dadi pepoendhèn, nanging ija ora weroeh sapa kang soemaré ing kono ikoe.

Généja déné Demang Tangar sarta Rangga ing Pesoe ora bisa toemoeli njandhak Sang Poetri, sababé kadjaba sadalan-dalan tansah peperangan, endi sing arep njedhak Sang Poetri digandholi, dadi ora ana sidji kang bisa kaleksanan njedhak Sang Poetri. (Pasemon toemrap partai kang pidjer padoe Red.)

Katjarita bareng Sang Poetri midhanget warta jèn Demang Tangar sarta Rangga Pesoe mati sampjoe, Sang Poetri nedya kondoer menjang Goenoeng Gadhoeng, sabab panggonan maoe pantjèn asri, Sang Poetri teroes mretapa ana ing kono, kongsi sapréne, nanging sarèhné wis lawas banget wis moesna saragané ganti badan aloes, dhèk djaman bijèn ija akèh wong sing weroeh jèn Sang Poetri mretapa ing kono, sabab kala mangsa sok ngaton. Lan nalikané ngaton ikoe kandha

karo wong satjedhaké kono, jèn pandjenengané pepatjangan karo Djaka Kendhil kang mretapa ana Sang Bangkong.

Dhaoepé djaré jèn Prigi wis diambah kréta (redja), Sang Bangkong wis goentoer, sarta ana andong poetih.

Sawenèhing wong negesi andong poetih ikoe „adoh ketara poetih“. Sabab ing dalan menjang Prigi kono ana poenthoek aran Toempak barat, swargi Goesti Kangdjeng Trenggalék mastani Sri katon, jèn wong ana ing kono bisa weroeh panggonan kang adoh adoh, sekoebengé, nanging ketarané moang poetih-poetih. Dadi nggoné mastani Sang Poetri andong Poetih maoe, mbok manawa ndoh ketara poetih. Déné Sang Bangkong goentoer ikoe wrediné, nalika wong wong kang padha nggarap dalan R. R. saka Kampak menjang Prigi kang bakal diwetoni motor nganti kaja Bangkong kang ngeong, songé digoentoeri. Nanging dalan maoe saiki wis roesak manèh, roepané wis ora kanggo.

Prakara dhaoepé Sang Poetri Ngerit, ija Sang Rara Gadhoeng Mlathi, (Rara Mlathi) karo Djaka Kendhil ikoe ora ana sing weroeh, sabab wis padha déné badan aloes.

Wasana bener loepoeté tjarita maoe moeng njoemanggaaké para noepiksa, ikoe moeng aran dedogèngan: moeng baé panggonan panggonan patilasan maoe kok padha isih*). Moela moeng njandhang para maoe karsaa ngloebèrna samudraning pangaksama.

*)Saka Redaksi: Dongèngan kaja ing dhoewoer iki kapatjak ing P.S ora kok marga saka mesthi njata lan kenané dipertjaja, ora, nanging moeng mligi kanggo ngoerip oerip dongèngan koena. Para maos koedoe bisa nglaras dhéwé, endi kang kena katampa lamba, endi kang kleboe goegon toehon. Bab anané panggonan lan patilasan tjotjog karo djeneng dieneng ing dongèngan maoe, bisa oega marga panggawéné dongèng (tjarta) maoe sa wisé ana djeneng panggonan, dadi sarana digathèk gathoekaké.

Éwasemono, kaja kang kapratèlakaké, jèn ana kang kirim

soembangsih woedjoed dongèng koena kaja mengkéné iki, bakal katampa, kanthi ngélingi kaperloewan ing dhoewoer maoe, sarta sarana pandjalok adja padha ditampa lamba.



Soemebaré lajang kabar kita saja adoh lan djembar tebané. Ora moeng kaoem boeroeh, prijadi, para poetri, nanging saiki maratah ing désa ingadésa, dadi kasenangané bapa lan bibi tari kang saiki wis akèh sing bisa matja saka pitoeloengané para tresna bangsa. Moela saka ikoe, wis samesthiné jèn isiné lajang kabar kita diwoewoehi manèh sapre-kara, jaike bab bab kang gèndhèngan karo kaperloewan lan kemadjoewané kaoem tani. Wiwit nomer iki, kala kala bakal ngemot rubriek „Among Tani“.

Jèn mawas toedjoewané lajang kabar iki nedya awèh sesoeloeh marang bangsa kita, kita yakin jèn akèh sedoeloer goeroe goeroe kang wis taoe sinaoe ing landbouwcursus, para prijadi landbouw (adj. landbouwconsulenten) paring soembangsih ing bab iki, kang bakal tinampa kanthi legawaning ati.

Red.

REKANE NGOERIP - OERIP LEMAH PATEGALAN.

Kang ora olèh banjoe ilèn.

LEMAH pategalan kang ora olèh banjoe ilèn ikoe saja soewé saja gares lan tjengkar, marga zat-zat kang perloe kanggo oeripé tetoewoehan saben taoen tansah kalong, mangka ora gampang bisané olèh leliroe.

Gemoeké lemah ija saja soeda marga katoet kèli ing banjoe oedan, wekasané lemahé moeng kari krikil oetawa krokos baé. Tandoeran kang ditandoer ing



Radja Christiaan ing Denemarken nalika tanggal 15 iki mèngeti enggonné djoemeneng radja 25 taoen. Gambar ing ndhoewoer ki nerangaké radja Denemarken ikoe lagi dipotrèk.

kono dadi koeroe - koeroe, malah terkadhang ora bisa oerip babar pisan.

Wong tani rékané anggonné ngoerip - oerip lemahé kang wis mangkono maoe loemrahé sarana dilemèni (diraboek) nganggo tlèthong, Nanging sarèhné lemahé wis gares banget, sanadjan ing saiki tandoerané wis diraboek ija meksa koerang pametoené, amarga loemrahé wong tani doeroeng akèh kang ngerti patrapé njimpen oetawa gawé lemèn kang prajoga.

Nglemi oetawa ngraboek lemah mono tegesé moewoehi oetawa mènèhi panganing tetoewoehan kang ing lemah kono wis koerang oetawa wis ora ana.

Tetoewoehan ikoe bisané oerip lan betjik toewoehé, koedoe olèh pangan kang njoekoepi kang diserot nganggo ojedé saka sadjroning lemah lan pangan kang diserot déning godhongé saka ing hawa. Pangan kang diserot saka ing lemah nganggo ojedé ikoe, ing

Lelakon ing tooneel.



„Woet lah, goenoeng iki ndjebloeg. Tjilaka banget“ [Ing ndjabané tooneel].



„Jèn ora mlajoe, sida mati akoe.“



Djeboelé sing gawé goenoeng ndjebloeg ikoe koe-koesé rokok. . . .

kang betjik wis ana kabèh, kadjaba zat-zat patang warna kang saben taoné sok bandjoer saja koerang koerang. manawa ora ana djogé oetawa tambelé. Zat-zat patang prakara mae: stikstof, kali, fosfor lan gamping. Lemi [raboek] saka ing kandhang kang betjik panggawéné ikoe wis njoekoepi anané zat-zat mae kabèh, moelané diarani lemi djangkep.

Emané déné isih akèh wong kang doeroeng ngreti panggawéné lan panjimpéné.

Apa manèh sok angèl olèhé, lan larang. Moela ing saiki akèh kang nindakaké panglemi (bemesting) nganggo lemi gawéjan (kunst-mest) lan lemi idjo (groenbemesting) jaikoe sarana lemah kang arep dilemi mae ditandoeri tetoewoehan kang akembang koepon (Leguminosen).

Rèhné bab tetanèn bisané olèh kasil kang rada soemboet karo kangélané ikoe goemantoeng oega ing ala berjiké lemah, sarta lemah ing tanah Djawa kéné saka lawasé enggonné diolah wis akèh banget kang ala, moela ing kéné akoe bakal ngremboeg patrapé mbetjikaké lemah sarana patrap nglemi (ngroboek) kang kaseboet ing ngarep ikoe mae kabèh, dak wiwiti nganggo patrap kang gampang dhéwé dhisik.

Raboek idjo (groenbemesting).

Akèh wong kang doeroeng ngreti paédahé raboek idjo. Sing loemrah padha njep lekaké. mangka satemené raboek idjo ikoe toemrap kanggo mbetjikaké lemah kang wis tjengkar, pengangan banget, bisa ngetokaké kasil tikel tinimbang raboek lija-lijané. Ing ngarep wis ditjritakaké kang kena kanggo raboek idjo ikoe tetoewoehan kang akembang mèmper koepoe, nanging kang wis mratah ditindakaké lan gampang dhéwé panandoeré, ja ikoe: Clotaria (kroto=orok-orokgedhé) Thephrosia, Centrosema, Vigna oligosperma l. l. l.

Ing tanah pagoenongan Sendara lan Dièng, akèh banget lemah tegal kang ora olèh banjoe ilèn. Maoené tegal tegal mae loh. Nanging rèhné teroes saben taon digarap ditandoeri palawidja, sajoeran lan tembako, dadi saja lawas saja tjengkar, nganti watara 25 taon kang kapoengkoer, palemahan tegal mae wis prasasat mati, ora kena ditandoeri sajoeran manèh, kenané jèn ditandoeri djagoeng baé, toer ija koedoe nganggo diraboek tléthong.

Ing wektoe iki wis ora mangkono manèh. Tanah tanah tegal mae wis katon soeboer manèh kena ditandoeri palawidja, sajoeran, tembako l. l. l., djalaran wong wongé olèhé tetanèn wis gelem nganggo lakoe anjar, jaikoe manoe toentenané Djoe-roe tani kang dipandhégani déning Landbouw-Consulent.

Kaprijé olèhé ngoeripaké palemahan mae, ora lija moeng padha migoenakaké raboek idjo, jaikoe ditandoeri Clotaria ana-

gyroides (orok-orok gedhé) Clotaria usaramoensis [orok-orok tjilik].



WEWARAH ISLAM.

Dhawoeh pangandikané K.N. Moehammad.

HÉ para toeroening K. Nabi Adam, sira padha bektija marang Goesti Allah Pangéranira, soepaja sira kabèh sineboet wong kang doewé akal lan pikiran. Lan

sira adja padha dosa ing Goesti Allah, moendhak sira kabèh sineboet wong kang bodho. (Aboe Na'im).

Ati kang ora kanggonan kawitjaksanan sathithik-thithika ikoe sanépané omah kang roesak. Moelané sira kabèh padha ngoe-dija ngèlmoe lan padha nggelarna ngèlmoe, apa déné sira kabèh dadija wong kang pinter pinter [ngreti-ngreti], adja nganti sira mati marga saka isih doeroeng doemoenoeng [ora kanggonan ngèlmoe], djalaran Goesti Allah ora kersa nampani oedoer (alangan) kang djalaran saka ora mangerti [Ibnoe Soena].

Sira padha netepana temen, awit temen ikoe bakal noedoehaké dalan kang betjik. Déné prakara betjik ikoe satemenné kang bakal noedoehaké dalan

gampang marang swarga. Moelané wong ikoe adja bosen-bosen mboedidaja moerih biso-a lestaré nindakaké temening ati, toemeka tjinathet ana ing ngarsané Allah ta'ala. Wong mae njata banget manteb katemenanné. [Hadist Bochari].

Lan sira adja pisan-pisan wani-wani nglakoni goroh, djalaran goroh ikoe noentoen marang tindak mlèntjèng. Déné prakara kang mlèntjèng ikoe satemenné bakal dadi toedoeh dalan kang andjog ing neraka.

Moelané wong kang nglakoni goroh ikoe ora mari-mari gorohé, kepara malah mboedidaja enggonné moeng arep goroh baé. Adja nganti sira kaja mengkono. (Hadist Bochari).

Sahabat Abi Darrin njoewoen priksa marang K.N. Moehammad, sapa wong kang bakal nandhang kapitoenan wiwit saka donja toemekané achérat. Dhawoehé Kandjeng Nabi: „O, Abi Darrin, sira soemoeroepa ana teloe tjatjahé wong kang bakal toena oeripé jaikoe sapisan: wong kang mamèraké sandhanganné. Kapindho: wong kang dhemen ngoendhat-oendhat ing lijan. Kateloe: wong kang ngoewèhaké bandhané nganggo dikanthèni soepata goroh [Hadist Moeslim].

Sira kabèh disaregep njamboet gawé krana kanggo sangoe-ning oerip ana ing donja, ngirak irakna jèn sira ikoe bakal oerip silawas-lawasé. Nanging sira kabèh oega sing mèmper enggonira toemandang nindakaké kaotaman (amal) kanggo sangoe-ning oerip ana ing djaman kalanggengan, ngirak-irakna jèn sira ora bakal menang ing dina sésoek manèh. (Hadist riwayat saka Ibnoe Asakir).


Bakti marang Goesti Allah ikoe oega djeneng bekti marang bapa bijoeng. Samono oega dosa ing Goesti Allah ikoe ija dasa marang bapa bijoeng. [Hadist riwayat saka Imam Tabrani].

Wong anom kang bér boedi pakartiné ikoe loewih kinasihandening Goesti Allah tinimbang wong toewa kang tjethyl kang ahli toer ala kalakoewanné. (Dailamijoe).

Hé para bapa lan iboe, sira padha ngèstokna dhawoehé Goesti Allah lan padha ngedohana pèpatjoehé. Sarta sira padha nindakna kang adil toemrap marang anak-anakira kabèh (Riwayat saka Noekman).

Sing sapa bekti marang bapa lan iboe, Goesti Allah tamtoe maringi kabetjikan lan kanikmatan marang wong mae, sarta maringi tambahing oemoeré (Hadist Bochari).

Hé para moedha kabèh, sira padha bektija marang bapa



Soesoekan kali Wolga ing Rusland. Salah sawidjining pakarjan kang koedoe katindakaké manoe Rantjangan Patang Taon ing Sovjet Rusland, jaikoe gawé kanaal Moskou — Wolga kang saiki wis rampoeng. Soesoekan iki penting banget kanggo Rusland, djalaran kanggo dalan kapal-kapal gedhé kang lelajaran saka Moskou menjang sagara Kaspi.

Gambar sisih dhoewoer: Stalin (nomer 2 saka tengen) nalika mriksa soesoekan ikoe karo minister paprangan Worosjiloff (tengen dhéwé) lan Molotof, president Raad van Volkscommissarissen, diiringaké panggedhé lija-lijané.

Gambar sisih ngisor kapal kang lagi lelajaran ing soesoekan kang gedhé ikoe mae.

iboenira. Jèn sira padha gelem bekti marang bapa iboenira, para anak-anakira bakal padha bekti marang mbangoen toeroet marang sira. Lan sira padha roemeksoa adja nganti ngaroe biroe marang para wong wadon. Jèn sira ngreksa klawan temen-temen marang kasoelanné wong wadon, tamtoe para wong wadon kang dadi koekobanira bakal kareksa kasoelanné oega. (Hadist riwayat saka Hakim).

Hé para oemmat kabèh, sira kabèh padha ngedohana pitoe perkara kang marakaké kasangsan lair lan batin. Jaikoe sidji: njekoethokaké ing Goesti Allah: loro: nglakoni nenoeng, njanthèt oetawa njihir wong; teloe: matèni wong tanpa dosa; papat: mangan barang riba; lima: mangan donja branane botjah jatim; enem: mbolos metoe saka pabarisaning perang; pitoe: ndakwa wong djina marang wong wadon kang terang ora djina.

(Hadist Boechari wal Moeslim).



SEMAR BOJONG.

II.

„SAIKI lija sing diremboeg wis pira lawasé. akoe lan kowé ora padha sowan menjang Madoekara sarta Ngamarta, mesthiné dadi penggalihané kabèh para bendara”.

„Lah ija ta ma, jèn ana doekané ndara Djanaka keprijé?”

„Akoé ora gitis, tholé, nepsoené kabèh bendaramoe, awit saloegoné atikoe isih ngandhoet serik, déné bendaramoe doeroeng ngerti temenan marang lelabetankoe, kéloet mang temboeng pamiloetané para Koerawa, mèlik olèh gandjaran negara sasigar semangka, tega agawé patikoe, jaikoe lakon kang lagi kepoeng koer zie lakon: Ismaja telakoe Oetawa: manok K tiran poetih. Bener akoe woes nindakaké piwales samoerwaté toemrap bendaramoe Radèn Djanaka isih arep dak tjoba manèh”.

Doeroeng rampoeng Kiai Loerah Semar enggoné reremboegan, kesaroe gegéring djaba, praptané para Sata Karawa, doemrodjog tanpa sraba sraba. Sawoesé padha ngatoeran lenggah sarta binagèkaké, noeli tineges apa kang dadi kersané padha rawoeh ana ing Klempisireng. Patih Sangkoeni sadjarwa, menawa praptané dinoeta ngemban dha-woehing Nata, ambiakakaké apa

kang dadi maksoedé. Wis ora koerang P. Sangkoeni enggoné nandoekaké temboeng manoebara, pamiloete, soepaja bisa narik atiné Kjahi Loerah Semar, éwa samono Semar nora pisan kégoeh ing temboeng manis, nora kepéngin mangan énak toeroe kepénak, sarta moekti wibawa, awit ikoe doewé antjasé enggoné samoeroep ana ing ngartjapada. Bareng wis tita enggoné nandoekaké pamiloeta, kamongka Semar moeng mbegoe-goeq ngoetha waton, kaja tjèlèng boloten, moela Patih Sangkoeni ngedhépi para Sata Korawa, soepaja ngebioeka bareng, ngrodapaksa njekel marang Semar. Pétroek lan Garèng nora katalompèn, weroeh laraping sasmita, noeli ndhisiki ngamoek poeng-goeng soera tantaha, nir baja nir wikara, tandangé kaja banthèng ketaton.

Para Sata Korawa padha ketètheran, nora koewawa nanggaelangi krodhaé si Pétroek lan Garèng, moendoer kanthi brangkangan.

Nengna gantya kang tjinarita, nenggih ing negara Ajodya. Sapa ta ingkang djoemeneng Nata? Ija ikoe Praboe Ramawidjaja, poetrané praboe Dasarata. Ing ari sawidji lenggah sinéwaka, ingadhèp ari R. Leksmanawidagda satrija bagoes kang datan siwah lan R. Djanaka, toewin Praboe Soegriwa, Kapiwara Anoman sarta kabèh bala pragosa. Kang ginoenem pagebloeging negara Ajodya, kang nora siwah karo negara Ngastina. Sang Praboe Rama woes nampa wangsiting Déwa kinèn ngoepaja oesada: Déwa kang ngédjawantah, pinatah dadi pamonging djagad. Ora lija jaikoe: Kjahi Loerah Semar. Moela Sang Praboe noeli dha-woeh marang Praboe Soegriwa

kinèn loemakoe menjang Klempis ireng, preloe mbojong Semar, anganthija kabèh bala wanara. Déné Sang Praboe oega én gal noengka lakoéné, njarirani pribadi menjang Karang gedhempel. Kang tinoeding sandika ing ngadhawoeh noeli bodhol.

Gantya kang tjinarita malih, nenggih ing negara Ngamarta, ija Tjintrakapoera. Sang Praboe Darmapoetra lenggah sinéwaka katamoewan raka Nata Praboe Sri Bathara Kresna, kabèh ri Nata pepak. Kang ginoemora ora lija sang woeloetjoemboe Déwi njédjawantah, enggoné lagi moetoeng. Tibaning bendoe R Djanaka dinoekan, déné groesagroesoe mèlik anggèndhong lali, kéloet ing temboeng pamiloeta, temboeng andoepara, nora ngélingi: Dosaning-dosa toemrap wong kang nindakaké penggawé, awit saka kepénginé marang woh lan opahané.

Praboe Kresna ambeneraké, sarèhning wis djeneng kabatjoet, nora kena tinoetoe, sing wis ketlandjoer kinarja péling tembé woerine soepaja loewih ngati-ati ing samoebbarang gawé. Siki betjiké loewih prajoga padha menjang Karanggedhempel ang-rerapoe marang kang lagi moetoeng, lan sanadjana dadi bandara nanging sarèhning tetep ing kasalahané, ija koedoe gelem ngakoni ing kaloepoetané lan sabandjoeré koedoe ndjalok ngapoera marang Kjahi Loerah Semar. Awit jèn nganti kabandjoer bandjoer moetoeng, wewelak apa kang bakal sinandhang. Kabèh kadang Pandhawa padha sagolong, noeli boedhal menjang Klempisireng, sagelar-papan.

Ana ing marga lakoéné wadya bala Ngamarta tempoek lan wa-



SREKALAN.

Amad: „Apa ija Prawira mati?”


Bakri: „Ija, wong mati ora mangan.”

Amad: „Salahé sadoeloéré, ora a mangan, djandji gelem takon karo akoe mangsa matia.”

Bakri: „Mesthi baé, wong nèk isih gelem takon, doedoe wong mati.”

Djeng Kwa


KLÉROE TAMPA,






Sepoer arep mangkat, toewan sèp takon marang machinist: „Klaar?!”

Pak Sonto sing lagi ndjoendjoeng barang abot, pangirané dhèwèké sing ditakoni, moelané mangsoeli: „Koewawi, ndara!”

dya Ajodya, dadya tjampoeh ramé banget. Wadyapadha wadya, manggala tjampoeh lan manggala. Kang ramé perangé Praboe Soegriwa lan R. Ga-



Krèta kentjana, titilanné para radja-radja Inggris kang dititibi King George VI lan pramèwariré tedhak menjang Westminster Abbey.



Motor kang ora koewatir keta-brak autobus.

thoetkatja. Geget padha prawira, genti kalindhah, genti asor, woe-sana dadi roket-koewel. Koerang prajitnané R. Gathoetkatja kena tjinakot, datan bisa oewal. Kajtjarita R. Gathoetkatja éling² toeroening raseksa, kélingan menawa darbé sijoeng kang landhepé ang-gigiris, sigra padha sakala sijoeng inggis, tjinakotaké goeloené Praboe Soegriwa, nora mindho gawé, nba goemoeling ing siti wis atas karsaning Déwa, Praboe Soegriwa toemekéng pralaja. Para wadya wanara weroeh Goestiné toemeka pati mlajoe boebar kadya gabah dèn interi.

Kapoengkoer kang padha pan-tjakara, kotjap kang lagya langen soeka, sisindhènan ing Karang-gedhempel, Kjahi Loerah Semar sasoesané. Wong Agoeng Rama kaja kentjan karo Nata Pandhawa Kjahi Loerah Semar sasoesané goerawalan enggoné methoekaké para bendarané kang nembé rawoeh nora ngowah-owahi adad.

Sawoesé padha ingatoeran, Kjahi Loerah Semar ngoendjoekaké soegeng rawoeh, lan matoer soepaja djinarwan apa kang dadi kersané padha groedoegan rawoeh mring Klemphisireng.

Praboe Rama mrasadjakaké rawoehé ing Klemphisireng arsa mbojongi, kinarja oesadaning narara. Semono oega nata Pandhawa ija padha kersané. Moela noeli dadi pasoelajan. Praboe Rama noeli dhawoeh bibisikan marang Anoman, kinèn mbopong Semar ngambah dirgantara, Praboe Kresna prajitna, R. Gathoetkatja kinèdèpan soepaja nanggolangi Anoman.

M. DJOKOLELONO.

(A n a t j a n d h a k é).



ADJI INGADJENAN.

Bisa gawé karahardjan.

WEROEH ing wadjibé dhéwé, bisa ngadjèni ing ngadjènan darmané dhéwé-dhéwé lan roemangsa mboetohaké sidji lan lijané, iki dhasaring karoekoenan sedjati.

Moebarang ikoe mawa atoeran, mawa angger oetawa pathokan. Moela saka ikoe, moebarang ikoe oega ndoewèni koewadjiban dhéwé-dhéwé.

Srengéngé, remboelan, boemi l.l.l. padha ndoewèni pathokan dhéwé dhéwé, oega ndoewèni koe wadjiban dhéwé dhéwé. Mangkono oega kita manoesa iki, kawengkoé oega déning atoeran-atoeran, angger oetawa pathokan-pathokan, ndoewèni sesanggan koewadjiban oega, ora pilah-pilih. Déné koewadjibanné manoesa ikoe roepa roepa lan mawarna-warna banget, nanging kena kita ringkes dadi rong roepa, jaikoe koewadjiban lahir lan koewadjiban batin. Wong kang ora weroeh ing koewadjibanné, nadjanna koewadjibanné lahir oetawa koewadjibanné batin, oeripé temtoe tansah kasoerang soerang, nandhang kapitoenan, jèn ora kapitoenan lahir, ja kapitoenan batin.

Moela dèn padha weroeh ing wadjibé dhéwé-dhéwé (plicht besef) lan oedinen amrih bisané

netepi koewadjibanné dhéwé-dhéwé (plicht betrachtig).

Kita oega padha ndoewèni kabisan dhéwé-dhéwé, mitoeroet darmané dhéwé dhéwé, ana kang loewih ing bab kasoesastran. lijané loewih ing ilmoe kadhokteran, lijané manèh bab medbar sabda l.l.

Moela saka ikoe, kita wadjib bisa ngadjèni ing ngadjènan sidji lan lijané, ora perloe mèri oetawa ngina ing lijan.

Kita wadjib roemangsa mboetohaké sidji lan lijané.

Pindhané kaja déné badan kita sakodjoer iki.

Badan kita sakodjoer iki, ora ngemoengaké awoedjoed woetoh sidji, sawoetoh, nanging awoedjoed pérangan-pérangan, kang pirang-pirang tjatjahé lan béda béda goenané oetawa koewadjibané.

Nadjian mangkono. kabèh iki moeng toemoedjoe marang sidji, abadan sidji. Lamoen woetohing badan iki moeng doemoenging ing sirah, hla goeloe, gemoeng, sikil, tangan doengé ing endi.

Rèhning badan kita iki moeng sawoetoh sidji, nanging awoedjoed pérangan-pérangan pirang-pirang, moela mochal mripat kita bakal ngoewoeh marang tangan kita mangkéné: „boetohkoe apa marang kowé, kobong kesoemot geni ja karepmoc kono!“, oetawa sirah ngoewoeh marang sikil: „Boetohkoe apa marang kowé, kesandhoeng babak boendhas akoe ora perdoeli, panggonakoe ana ing ndhoewoer!“ Jèn lamoen pepérangané badan sidji lan sidji é ora ndoewèni rasa mboetohaké sidji lan lijané, temtoe badan kita bakal roesak, sebab ora

O. L. Mij. BOEMIPOETRA.

DINA Minggöe iki tanggal 6 Juni 1937, Onderlinge Levensverzekering Maatschappij „Boemipoetra“ mèngeti oemoeré wis 25 taen, manggon ing kantoré ing Ngajogyakarta.


Adegé jejasan iki ing sasi Februari 1912 tanpa nganggo ragad saigar sèn. Ing taen 1913 olèh subsidie f 300 sesasi, panjamboet gawéné saja sengkoet, woesanané moendhak dina moendhak madjoe, nganti taen 1923 subsidie ditja-boet merga Mij wis santosa, sarta gedhéné verzekering kang maoené f 6.000, digedhèkaké dadi f 10.000, sarta ing taen 1928 bandjoer nganakaké studieverzekering.

Ing sadjroné 5 taen kepoengkoer, saka dajané crisis economie, bebadan iki oega rada rekasa enggonné nindakaké pakarjané, nanging bareng ing taen 1935 ngoendhaké kèhé poenggawa inspectie sakala ndedel kemadjoewané, olèh olèhané (productie) ing taen 1936 loewih saka f 2.000.000, verzeerde kapitaal.

Nitik marang verslagé, nélakaké jèn jejasan iki kena dipamèraké ing oemoem, déné kasoegihané kang woedjoed barang (omah enz.) ana f 265.900 sarta wis mbajar uitkeering kèhé f 904.000.

Toemrap pèngetan 25 taenan iki, kita méloe asoeng pambagya sarta pamoedji, moega² jejasané bangsa kita iki widodoa lan saja soeboer ngremboejoeng.

ana karoekoenanné antarané pérangan-pérangané badan kita, dadi tansah tjrah salah èdèr baé. Lamoen salah sidji



Roosevelt dan Kabinet Amerika lagi ngremboeg prakara wigati kang gegajoetan karo kaperloewan donja, kang kiwa dhéwé jaikoe President déné larikan mbereri saka kiwa minister financien Morgenthau, minister pengadilan Cummings, minister marine Swanson, minister defensie Walloce, minister pakarjan Perking lan Vice president Garner. Larikan ngarep minister ndjaban rangkah Cordell Hull, minister paprangan Woodring, minister post Farley, minister njero rangkah Ickes lan minister dagang Roper.



Z. K. H. Pangéran Bernhard bebarengan karo B. K. P. H. Soerjohamidjojo nalikané main tennis ing tennispark Leidscheweg Amsterdam.

pérangan badan kita kang ketaton, kabilahèn; pérangan lijané oega miloe nandhang kapitoenan. Jèn kita kataman lara weteng kita ora dojan madhang. Jèn nganti pirang-pirang dina, saja lawas badan kita saja koeroe, sja roesak. Soewaliké jèn kita kerep djedjamoe, oeroes oeroes kastrolie, weteng kita resik, séhat. Badan sakodjor séhat, pérangané badan lijané miloe karoet séhat kabéh. Tapa toeladha kang tjoetjog, kaprijé moenggoeh bisané kelakon kita bisa mengkoe karoekoenan kang sedjati.

Moela wis sakbeneré jèn ta. Parindra ngandjoerak e karoekoenan awewaton „ngadieni darmané golongan sidji sidjiné dhéwé, weroeh ing wadijé dhéwé-dhéwé, roemangsa mboetohaké sidji lan lijané.“ Raha-joea kang tinemoe lan woewoeh santosa lan roekoena anané pergerakan kebangsan kita kabéh!!

SISWOTO

Kèrèk.

BAB IMPEN.

Oeroen oedhoe lelimbangan.

NJAMBOENG bab impèn oeroenan saka sedoeloer Kartosoedarmo lan sedoeloer Setra, ing P. S. No. 32 lan No. 37 boeroe iki.

Pantjèn ja angèl lan gawat, jèn arep mlirit perkara impèn ikoe, djer bisané nemoe sasat moeng saka grajang grajangan baé. Ing kéné akoe arèp ndhèrèk oeroen omong, bèkné bisa rada nglantjir sawatara.

Jèn manoet kahanan kahanan lan dedongèngan kang daktemoe dhéwé „perkara ngimpi, koewi ora ana kang moespra, tegesé ora ana kang ora kanggo lan ora ana kang tanpa perloe babar pisan. Dadi karepé mangkéné:

Sakabèhing impèn ing alam melèk lan toeroe ikoe ja ana


karepé dhéwé dhéwé. Padoeka T. H. G. Cannegieter, djempolan Pelintangan kandha nèng boekoené „Levensraadsel“ mangkéné: „Men heeft wel gezegd, dat droomen bedrog zijn. Maar droomen zijn even rièl als daden en hun bewijskracht is even geldig als die van 't bewuste nadenken. Het één vult het ander aan en is zonder 't ander onbestaanbaar, ja zelfs ondenkbaar. De droom is een physiologische noodzake-

lijkheid als de bloedsomloop en de slaap. Wie niet droomt, zegt 't leven vaarwel“. Iki èmpéré sebab programané wis entek. nDak kira kang katon ara ing impèn maoe kena di padhakaké film kang isih ana ing sadjroning goeloengan, kang isih bakal metoe. Ananging patraping pandoeloe ikoe ana tjarané dhéwé dhéwé, mawa mawa papan lan empanné. Oepamané mangkéné: Jèn akoe sloeloep djero ana sadjroning banjoe wis mesthi barang barang kang ana sak ndoewoeré banjoe maoe katoné moeng klawé klawé moléd ora tjetha.

Nanging jèn akoe saja moemboel njedhaki marang loemahing banjoe, saja tjedhak ja saja tjetha bab gariting barang maoe. Saja jèn metoe saka banjoe, bandjoer ja bjar katon sakblegeré.

mBalèni bab pandoeloe ing sadjroning impèn.

Dadi mawa mawa diwasané, aloesé lan loehoering batinné sang ngimpi maoe olèhé ndoeloe [Sebab toeroe ikoe saktemené mbatinné ora lèrèn, sing katoné lèrèn ikoe ja moeng bekakas bekakasé waé) saka antarané alam wadhag lan aloes. Sang winasis Toewan Prof. Dr. Adolf Keller noelis nèng boekoené: „De onbekende God“ katja 38, mangkéné: „Slapen is geen rusten, maar een vluchten, een zich verbergen voor het leven. Het is terugkeren van den Mensch naar den moederschoot



Pemogokan kaem boeroeh autobus. Wawasan ing Treteg Londen (London Brigde nalika ananné pemogokan autobus. Akèh wong loenga menjang penggawéjanné kapeksa mlakoe. . .

KI DHALANG.

PAWARTA kang wis disebaraké déning ariwarti (daubliden), nélakaké jèn Joedoprajitno alias ki Dhalang, kang dadi djoeroe sabdané pakoempoe lan kebatinan „Kamanoengsan“ ing Semarang, kang ndoewé tjabang ing ngendi endi panggonan, — saiki wis ditangkep déning poelisi ing Betawi, sebab kadenganan, jèn „goeroe soetji“ iki anggawa prawan, sarta manoet pangakoené botjah wadon maoe, dhéwéké wis diroda peksa nalikané ana ing Tjirebon, jaikoe nalikané ngineb ana ing omah salah sidjiné moeridé ki Dhalang.

Manoet ariwarti „Matahari“ botjah wadon maoe, ora lija, keponakaké dhéwé, jaikoe poe-trané priitaji pensioenan ing satjedhaké Gombong.

Nalikané pers ngèlingaké marang wong akèh, soepaja ngati atija marang tradjangé Ki Dhalang, akèh wong kang ora anggo-goe, malah akèh bestuuré „Kamanoengsan“ kang malah nélakaké kasetyané marang goeroené maoe.

Toemrap kedadéjan ing ndhoe-woer maoe — netepi koewadji-banné pers nasional — kita ngèlingaké marang sedoeloer kabèh, adja padha banget banget èngal pertjajané marang bangsané wong ngakoe akoe goeroe soetji, sarta padha insjafa jèn leloehoer kita ing djaman koena, kang dioedi doedoe kebatinan klenik, doedoe kebatinan kang kanggo kepénaké dhéwé, nanging kang kanggo sampoernaning bebrayan, slameté masarakat, ija kang ditemboengaké: memajoe ajoening bawana.

Kita wis tjoekoe olèh pengalaman toemrap „praktijk“-é wong kang ngakoe dhoekoen sakti, dhoekoen gaib, sapepadhané, kang kèh kèh malah gawé roesaking masarakat kita.

Njata perloené bangsakoe olèh sesoeloeh ing bab kang gegajoetan karo oeripé ing sadina dina, sarta tiotjog karo pangandikané Dr. Soetomo, jèn rintanganné kemadjoewan ikoe, ora moeng tinemoe ing sandjabané badan kita, nanging kang loewih gawat, kang soemimpèn ing badan (rohani) kita dhéwé.

van alle leven,“. Hara rak ja rada gathoek iki ta! Pantjèn toemrap wong Djawa ndhak goemoen manèh perkara iki, nanging sok ana wong ndjarag oetawa ana sing mémba-mémba kampijoen djempolan, kang bisa gawé soeremé kawroeh kita kang dheles.

Jèn wong loemrah kaja èsoen, pandoeloené nèng sadjroné toeroe isih ana bagian djaman wadhag, dadi isih ana ing djaman pengeng. Moelané jèn ngimpi (weroeh rol kang bakal toemeka) begdja-begdjané ja moeng klamoet-klamoet baé.

Jèn sing loemrah malah moeng-rasa sinaring lajangané thok,

katon moeng dadi papadhan lan perlambang baé nganggo lagé-janné lan tjarané dhéwé - dhéwé. Dadi tangan tiba oetawa koepoe méntjok neng iroengé sing lagi toeroe, ikoe moeng dadi rambat-tané perlambang moeng: ana wong toeroe ditjokot lémot pipiné kongsi mintel - mintel arep ndjeblos pisan jèn kapener ora ana perlambang kang arep toemiba (ngimpi).

Akoe dhéwé wis, toer kerep banget jèn arep loeloes léhé examen babapa baé, sak doeroengé mesthi ngimpi nganggo djarik tes léhé mbabar anjar.

Kantjakoe stng ngimpi ndhoe-woeré léhé toeroe di oeloengi pendjalin, bareng di tjandhak pendjaliné moemboel, loepoet, ésoeké dhékné bandjoer dadi baksteen, ora loeloes examené.

Tjonto iki ana poeloh'an, wongé isih ana kabéh. Perlambang kang roepa mangkéné bisa toemeka oega ana sadjroné melék. Para noepiksa mesthiné jèn kersa ngakoe, wis padha mranggoeli bab iki, dadi ora perloe ndak andharaké manéh. Nitik saka katrangan - katrangan ing ndhoe-woer iki dadi wis njata jèn lakoené wong sidji - sidjiné kang doeroeng kelakon, ing saikiné wis ana, tandhané sok wis katon loewih dhisik. Mbok iki koedoe di galih sing tenan.

Kang minoelja T. Schopenhauer poedjangja koelonan noelis neng enggonné „Aphorismen van Levenswijsheid“ mangkéné: „Persoonlijkheid omkemt. Men komt er niet uit, zoomin als men kan kruipen uit zijn eigen huid. De voorraad van verdriet en vreugde, die U beidt, is vastgesteld vooraf, door Uw persoonlijkheid“.

Para sardjana kang padha ngoedi marang tjangkiman iki sak préné doeroeng ana sing wani njethakaké tjara iki, amarga padha adjrih, mbok manawa padha salah panampané, manawa wong bandjoer padha nglampra, ming bandjoer padha mborongaké marang takdir. Ora mangkono, iki angèl lan gawat tenan. Moela oréhan iki moega padha diangyepa dongéngan baé, mengkono, sak doeroengé padha ngoeninganni marang sebab sebabé kang gamblang lan katrangan katrangané kang njata tenan.

Jèn para maos doeroeng sajah banget akoe arep tjarita sawatara, minangka kanggo paseksèn bab anané rol film kaja kang kaseboet ing dhoewoer. Sinten poeroen koela dongéngi ?!

Ing tanah Afrika ana sawidjining taneman kang ing aran Jadé. Jadé iki sawidjining thethoekoelan kang dianggep wingit (heilig) dening pawongan ing kono, amarga ikoe maoe bisa gawé lereming raga kanh bandjoer kebatinané bisa dadi prei babar pisan.

Ing sawidjining dina ana Dokter (djenengé akoe lali) kang ngoerbanaké dhiriné kanggo nali-

tékaké kaprijé moenggoeh ka'anane kang mangkono maoe.

Déné pertjaba'an maoe nganggo d'seksèni mitrané loro. Dokter maoe sakwise dhahar roné Jadé bandjoer roemangsa kaja sirahé dadi gedhé banget, kaja kemoeng kemoeng kaja isi banjoe (waterhoofd) lan krasa ngeloe banget. Manéh bandjoer weroih tjahja warna warna.

Ora watara soewé ka'anane kang mangkono maoe bandjoer ilang, lali, salin dadi ngimpi?! Ana ing kanané pijambaké kala weroeh awaké dhéwé mlajoe mlajoe arep njang station, bandjoer noenggang spoor tekan enggonné kang didjoedjoeg noeli moedhoen, lan bandjoer mlakoe mlakoe njang koethané ing kono.

Kotjapa mitra kang noenggoni maoe saja soewé saja ora kepénak atiné lan koewatir banget, marga sang Ngimpi maoe tjahjané saja soewé tambah soeremé, moela bandjoer diwaloejakaké manéh. Sakwisé waras sang Dokter maoe bandjoer tjrita apa kang mentas dialami kabéh. Waktoe samono ora padha ngeri apa maksoedé ikoe, nanging ditjatheti bandjoer diségel, disimpen. Sawatara 3 taon lawasé saka dina ikoe toewan Dokter maoe nemoni lelakon kang tjeples banget karo lelakon sadjroning impèn kang woes ditjathet neng zegelan envelope kang ditjritakaké ngarep, ia kongsi tekan oléhe bandjoer digoegah nggonné ngimpi, sanalika ikoe oega bandjoer nemoni kantja - kantjané lan bandjoer lagi nggoegoe bab Jadé maoe.

Katrangan iki nek padha kersa n mbahi lalampahanné, pijambak-pijambak kang katemoé saben dinané kaja ja wis sawatara

tjoekop kanggo ngremboeg bab impèn. Akoe k'oengoe manéh djaréné impèn ikoe ana tatar-tataranné. Sebab ing dhoewoer moeng wis dikandhakaké jèn sadjroné melék oega bisa ngimpi, dadi kahanan maoe ija dak étoeng saka kéné, kajata :

1. Jagrat
2. Toeroe (antarané melék lan ngimpi)
3. Swapna
4. Sushupti
5. Turiya.

Iki temboeng Djawa karo temboeng Sanskrita.

Wis sakméné baé. Bab limang prakara iki ndak pasrahaké marang para saqed kang padha kersa paring oeroenan bab impèn.

Pak GA.

Soerabaja.



KATENTREMAN SADJRONING BALE OMAH.

Adja pegat ing kaoetaman.

PRAKARA iki kanggoning kita oerip ing ngalam donja, preloe banget. Sarta wadjib kapoendhi poendhi.

Ing endi doenoenging kaboenngahan lan kasenangan kang



Pawarta kang wekasan dhéwé disebaraké déning kantor panjebaran mantja negara, nélakaké jèn Sang Poetri Juliana saiki wis anggarbini (bobot). Pawarta iki isih doeroeng bisa ditetepaké kabeneranné déning soember kabaran Anip Anéta.

loewih, kedjaba karo achli warisé dhéwé? Sapa sing bisa ngliपोer kasoésahan, kang ngloewihi karo akrabé dhéwé, awit pangliपोeré katarik déning tresna. Moela rak ja begdja ta toemraping wong sing wis sesomahan, roekoen karo somahé (bodjoné) karo wong toewané, karo anak, karo sadoe-loer l.l.l., sanadjan ibaraté ana perang gedhé kang bisa njirnakaké kasenanganing akéh, nanging sadjroning omah tansah kadoe-noengana tentrem.

Bapa sing sregep ing pagawéjan, ora ngéman kangélan, moerih oendhaking kaslametaning anak bodjoné sarana taberiné. Wong kang mangkono ikoe sanadjan ora dipaloe ing wong sadjagad oepamané, anak bodjoné kang tansah maéloe. Kaskajaning njamboet gawé, bodjoné kang ngroemati, sanadjan pakoléhé moeng sepélé, ia digemèni, ora ana kang dirémehaké. Kabéh-kabéh padha moelasara kakembanging rahajoe ing sadjroning omah, tansah roemaksa marang apa baé kang wis dadi koekoebané!

Jèn mangkono kaanané, ing kono masthi bakal tata oeripé, liré tansah ana ing sadjroning katentremen, marga dajaning karoekoenan. Ing sadjroning kasoésahan, bisa nemoe karahajon marga déning roekoen ing sadjroning omah. Moela, sing sapa roekoen ija bakal nemoe kaboenngahan; sing sapa tentrem bakal nemoe swarga.

Kosok baliné, sing sapa tjongkrah, bakal nganakaké naraka ing



Wadybala pamréntah Spanyol lagi ngoesoengi bom lan lija lijané ing adjang paprangan Madrid, antarané Cite Univer-sitairé lan gedhong pakoendjaran.

sadjroning omah.

Wong kang ora bisa noenggal kekarepan karo achliné, kasene-ngané lan olèhé golèk kaboengahan marang sandjabaning omahé. La koewi mesakaké banget, marga jèn ana ing omahé dhéwé sasat kaja ana ing sadjroning pakoendjaran peteng.

Akèh-akèhing wong anggonné njebar widji tjongkrah maoe, ing nalikané omah-omah, awit ora mikiri marang preloené, nanging ngemoengna mikir marang kasoegihan, singgih lan kèringan. Dadi tentrem lan kasenenganing oerip ing kono bandjoer kanggo wadaling soegih lan singgih, mangka ikoe ora kena kanggo nanggolangi kaprihatinan.

Mangka wong sesomahan (djedjodhowan) maoe sing diarah moeng „karahajon“.

Bisané olèh karahajon, jèn padha déné noenggal karepé, Dadi sanadjan toemeko-a ing kemlaratan pisan, ija bisa ngrasakaké seneng lan kepénak. Akèh baé wong soegih dadi mlarat, kang marga saka tjongkrahing sesomahané, terkadhang njarambahi marang anak-anaké, ndadèkaké karoesakaning saka-bèhé.

Ana menèh wewinihing sirnaning katentremen ing sadjroning omah, jaike éwa marang agama. Manoengsa kang tansah éling marang agama ora bakal toemeka ing karo-sakan. Tjoba para sadoeloer, padha kita njatakaké. Jèn wong ing sadjroning omah koerang tentremé, mesthi koerang agamané. Wadjibing kita manoesa marang sapadha-padhaning toemitah, kandheg déning panganjasa angsa kang miko'èhi awaké dhéwé. Jèn nandhang papa, kapertjajané marang kang Moerbèng doemadi, kaaling-alingan déning kaprihatinan l.s.p.

Nanging jèn nedjia nglestaraké tentrem oetawa djendjemé ing sadjroning omah, para achliné ija koedoe katetangi élingé marang agama, kalajan sarèh. Dadija toeladhané para ah! achliné lan batoer batoeré; mènèhana toeladha tindak oetama, soepaja kabèh padha aniroea. Ing kono omah tansah kadoenoengan agama. Jèn kita tansah roemasa kaerèh ing agama, kita mesthi adoh saka toekar padoe; tjekaké adoh saka pang-gawé nistha, lan pamrih kang moeng mikolèhaké awaké dhéwé. Ing sadjroning omah ora bakal kadoenoengan tentrem, jèn kita adoh saka pangrengkoeh betjik.

Dadi ija pangrengkoeh betjik maoe kang nentremaké kaanan ing sadjroning omah. Kabèh tandoek koedoe kang sarwa sarèh, adja nganti groesa-groesoe.

Oepamané baé: wong toewa njrengeni anaké, koewi ka-angkaha adja nganti kepréngoe oetawa katon ing tangga. Jèn ana kaloepotané, prajoga disrengeni dhèwèkan, soepaja ora gawé dhéwé isi botjah, oetawa menèh-tibané srenging ing kono marga saka sih, anggonné arep mbeneraké kaloepotané. — Dadi, sing

kepéngin marang tentreming sadjroning omah, adja pegat kita mbangoen marang karoekoenan.

S. R.

PITOETOER POETRI.

Endhog remek.

Endhog kang wis remek, ija kena digodhog, tanpa ndlèdèk poetihé, nanging wédang kang kanggo nggodhog koedoe diwènèhi oejah sa'séndhok tèh.

Poetihan gosong.

Poetihan kang gosong déning setrika, kena diilangi sarana gosongané maoe digosok nganggo bramang ditoegel (soepaja gampang metoe tloetoehé), sawoesé ikoe poetihan maoe dikoembah ing banjoe adhem lan direndhem setengah djam.

Poetihan dadi koening.

Poetihan kang dadi koening merga disimpen lawas, ikoe kena dipoetihaké manèh sarana digodhog ing borak (borax) sa'séndhok tèh lan banjoe: jèn ana blentong-blentongé prajoga diwènèhi terpentijn oega sa'séndhok tèh.

Poetihan kena anggoer.

Jèn blentongé tilas anggoer maoe isih teles, kena diilangi sarana digosok ing oejah (moerih gampangé oejahé kang isih prongkolan) jèn wis noeli dikoembah nganggo djeroek petjel, manawa ora ana blimbing woeloeh oega kena oetawa woh ranti grèndèl, sawoesé mangkono bandjoer dikoembah ing banjoe adhem.

Poetihan kena mangsi oega kena nganggo patrap ing ndhoe-woer maoe, nanging adja digosok ing oejah.

KAGOENAN LIJA.

Nga wètaké vulpèn. Jèn mentas kanggo, mangsi

kang kèri ana ing poetjoeké pèn énggal dilapi ing lap, sawisé ikoe pènè toemoeli lebokna ing saroe-ngané, dadi ora kanginan lan ora gelis tainen; kang betjik kanggo ngisèni vulpen ikoe mangsi kang pantjèn kanggo sadhijan, dadi jèn moeng mangsi loemrah baé, koerang betjiké; déné jèn ngisèni adja kebak kebak lan adja kasoewèn kothongé. Jèn angèl metoené (sanadjan boebar diisi) pèn lan karahé roetjaten saka saroe-ngané; noeli koemen ing banjoe adem k.l. sak djam soewéné, nanging koedoe adjeg saben sisi kaping pindho oetawa ping 3, lan jèn boebar kanggo lan sawisé dilapi lan disaroengaké, olèhé njlèh semoe soemèndhé [pen ana ndhoe-woer].

Nga wètaké planèl [flanel].

Jèn reged ora soesah dikoembah ing banjoe tawa, betjiké dikoembah ing banjoe saboen manget manget nganti rambah kaping 2-3 lagi kena nganggo banjoe tawa lan adja diperes, toemoeli dielèr baé ing papan kang édoem, dadi soepaja garing kanginan.

LIEN.




LAJANG TINGGALANE KERE MATI.

Nasibé wong kang noeroeti hawa.

Déning: S. J. D.

DÉN Loerah lagi énak-énak moengkoel matja koran, doemadakan ki Kasanggali Modin lan Soero toekang kajoe, teka preloe lapoer manawa kéré wadon sing dipanggonaké ing omah



Pangéran Ahremberg lan B. K. P. H. Soerjohamidjojo nalikané main tennis dubbelspel karo Z. K. H. Pangéran Bernhard lan Van Meegeren. Ing nalikané main tennis ikoe Pangéran Ahremberg lan Pangéran Soerjohamidjojo oenggoel mairé 6 - 3.

WARNA KOELIT KOESAM

njonja dan nona dapat kalau pakai dengan tertib Bedak Purol. Bedak ini melembutkan, menjemboehkan dan membagoeskan koelit, mentjegahkan berpeloeh teraloe banjak, menjegarkan dan menjedapkan, dan membekin koelit njaman dan tiada bertjelah. Hamboerkanlah sedikit Bedak Purol ditempat² jang disitoe koelit tergosok. Bedak ini teraloe merawankan hati.

Disigala roomah obat dan toko² f 0.90 atau f 1.50 tekoepl.



BEDAK PUROL

bobrok, tilas balé-désa ing koelon mesdjid, wis tinemoe mati, déné sing ngonangi ija Soero ikoe, rikalané dhèwèké arep ndandané omah maoe.

„Nanging anèhipoen déné pedjahipoen tijang waoe teka kalijan njepeng serat toetoeapan kandel katoempangaken ing dhadhani-poen. Sarta ing satjelakipoen wonten gendoel wadhah mangsi toewin gagang pèn. Pantjènipoen koela kapéngin njelaki lan maos ngalamating seratipoen poenika, nanging — wah — koela selak boten betah dhateng ambeting badanipoen“.

„Sok ngonoa matiné wis wingi“.

„O boten, mbokmanawi saking sesakitipoen. Tijang koela soem-rap badanipoen sakodjoer prasasat kebak korèng wijar wijar ingkang tansah medal tojanipoen.“

„Omahmoe rak tjidhak kono, ta?“

„Inggih.“

„Lah wingi wingi kono, kowé apa ora sok mamboe ganda sing ora énak koewi?“

„Inggih sampoen mesthi kéma-won. Nanging ing soewaoenipoer koela boten nginten manawi saking pijambakipoer.“

Sawisé meneng sawatara soewé Dén Loerah lagi wae tjalathoe: „Tjoba akoe tak ndeleng dhisik mrana.“

Sawisé dandan Dén Loerah boedhal diiringaké wong loro maoe.

Omah sing padha diparani ikoe manggon ing papan lindhoek toer kiwa. Lemah lemah ing sakiwa tengené batoeran padha tansah ngembes metoe banjoené. Mangka soroting srengéngé sing mrana prasasat ora ana babar pisan.

Noedjoe dinané koempoelan-kampoeng ana wong sing soemlorong oesoel: omah maoe soepaja didandanana didjoepoekaké wragad saka dhoewit kas désa sarta kenoa kanggo padoenoengané para pekir miskin sing noedjoe ana ing kampoeng kono. Wis mesthi wae oesoel sing prajoga antjasé ikoe, didjoeroengi wong

kampoeng maoe. Lah ija saka poatoesan remboeg ikoe, anané kéré wadon maoe ana ing omah kono. Nanging pantjèn wis lagi begdjané, omahé lagi waé arep diapikaké, ndadak wis ndhisiki digawé papan matiné.

Rikalané Dèn Loerah tekan panggonan kono, ing kono wis akèh wong. Nanging moeng padha ana èmpèran waé doeroeng ana sing wani ngowah owah taliné lawang.

Barang lawangé diboekak déning Dèn Loerah, ganda sing maoené moeng manda manda waé bandjoer soemantoeblaroengan ora karoewan. Omah ikoe ing djero peteng, hawané angèl saliné, sabab lawangé moeng sidji koewi, toer tjijoet arang arang menga, djendhéla ora ana, pepadhang saka ndjaba moeng bisa mleboe mtoe sela selaning nam-naman gedhèg sing wis padha bobrok, mangka djoganné oemès, tansah teles. Bisa oega saka ana ing panggonan sing kaia ngono koewi, amhoené bangké maoe dadi ngloeloe wihi ora énaké ikoe. Kanggoné wong sing djelèhan padha bisa nglajat saka ndjaba waé. Déné Dèn Loerah sakantjané prabot, kétéké teka rahab banget. Enggonné niti priksa bangké maoe ora ana sing katon gigoe oetawa risi, idoe waé ora.

Moenggoeh wong mati ikoe oemoer-oemoerané koerang loewih selikoeran taen. Oepama ora kesrakat lan nandhang lara mengkono, tjetjandrané awaké golongan apik, apa manèh jèn ndeleng rainé, jèn ora kapinoedjon dikerah mala ikoe, olèhé resik ndhemenaké, pakolitané koening, ramboeté ireng ngandhan andhan, polatané sanadjan wis dadi majit teka isih soemèh apadhang, ngetarani temen rikalané sekaratimaet, atiné wis madhep éklas lila legawa.

Klambiné soetra ireng, nanging wis amoh banget, moeng nggon dhadhané sing semoené tansah diprati banget, katandha djithetaping dondomané wis sapirang-pirang lan ditembèl-tembèl. Djariyé sanadjan orga wis amoh, nanging isih ketara jèn momohané djarit larang, bathik Samèn-thokol sawat garoedha.

Mapanné olèhé mati toemata banget, nggléthak ing djrambah lémèkan pager amoh lan klasa méndhong, tangané sidhakep karo njeke! lajang toetoeapan. Pantjèn ing sandhingé ana gendoel wadhah mangsi lan gagang pèn sarta senthir, nanging mangsiné wis asat, poetjoeké pèn wis tainen, déné santhiré wis entèk lengané.

Moenggoeh lajang maoe adrèé (ngalamaté) marang poelisi i.r.g koetha kono, toelisané mratandhani jèn toelisané wong sing wis baet noelis lan bangsa wong pasinaon toer sing ngreti basa Landa sathithik-sathithik, sabab sanadjan ngalamat maoe tinoelis nganggo temboeng Djawa, nanging panoeelisé „poelisi“ nganggo édjahan Walanda, jakoe „politie“.

Saja dititi-titi saja gawé goemoen lan sangga roengginé wong-wong

sing ndeleng, woewoeh-woewoeh Den Loerah wong sing pangawak poelisi koewi.

Barang wis soemlengeren karo sadjak memikir soewé, Dèn Loerah bandjoer kongkonan ngatoeri rawoehé ndara Assistent Wedana.

Barang sing diatoeri wis rawoeh sarta sawisé diatoeri olèh olèhané papriksan lan sawisé mriksa dhéwé, oepas sing ndhèrèk kadhawoehan telefoon marang dokter ing sanalika ikoe oega.

Sadjrone ngentèni rawoehé dokter, lajangé diwetokaké saka amplopé, sarta bandjoer kawaos batin waé. Soerasané mangkéné: „Nalika koela miwiti damel serat poenika, ing batos koela pitakèn dhateng badan koela pijambak, poenapa inggih serat poenika ing tembé èsroe badhé wonten asta pandienengan sasampoenipoen koela boten woten — kados ingkang koela idham-idham saben dinten poenika?.

Senadjan koela boten saged mesthèkaken kalampahipoen, ewadéné meksa koela ladjengaken njerat.

Nanging panjerat koela poenika papasthèng badan koela sampoen angsal sapoedhendha, liripoen: koela sampoen manggèn ing djoerang leber, ingkang roemijin saking pandamel koela pijambak.

Poenika jektos, koela ndjongkongaken badan koela pijambak dhateng djoerang kanisthan lan kasangsaran. Pramila salebetipoen nampi siksa pidana makaten poenika, tansah koela tampi kanthi leganing manah, sabab sampoen samesthinipoen. Terangipoen makaten:

Roemijin—rikala koela taksih moerni—nami koela Sri Marijah anakipoen R. Darmaleksana pensioenan Mantri O R. Tijang sepeh koela poenika soegih, mangka anakipoen namoeng satoenggal koela pijambak, pramila gesang koela tansah toewoeh ing pangoeoeng.

Inggih saking watak oegoengan poenika, koela ladjeng — „keras kepala“ — sanadjan sipat èstri wétanan pisan. Ing wekdal poenika koela sampoen gadhah panganggep jèn . . . roepi koela ajoe, kathah tijang oetawi prijantoen nèm nèm ingkang sampoen nglamar dhateng koela. Nanging sadaja waoe tansah katoelak kémawon déning tijang sepeh koela, sabab . . . koela mboten seneng.

Tjekakipoen ing mangsa poenika koela dados „ratoe kinawasa“ ing sakoela warga ngrikoe.

Nanging ing satoenggiling mangsa bapak lan iboe roepinipoen sampoen telas kasabaranoen koela badhé kapeksa kadhacepaken lan panglamar ingkang kantoen pijambak inggih poenika commies post ing D. poetrinipoen prijagoeng loehoer ing P. Waoe koela sampoen matoer koela poenika „keras kepala“. Mangka malih — ing sadjatipoen, wekdal poenika koela sampoen gadhah „memitran“ ingkang d rêng kadenangan déning tijang sepeh koela. — Lah wonten ing djaman ngrikoe poenika, koela

roemaos ngambah ing djagad peteng, satemah . . . kesasar ing tindak, labet kèrem hawa nepsoe kemoedhaan koela, inggih poenika . . . nalika badhé idjabing pangantèn, Sri Marijah itjal saking kitha X kanggé ing salami laminipoen. Wiwit poenika bapak koela R. Darmaleksana kawijos ngendikanipoen „Sri Marijah toemrapé akoe wis mati?“

Nalika „Dahlia Opera“ main ingkang kapisanan wonten ing kitha Dj. koela sampoen kekinthil „goeroe-laki“ koela mrikoe.

Adhoeh! Inggih wekdal poenika dhawahing sangsara koela. Koela wiwi: njaer samboetan! Djeboel tijang djaler koela poenika, roemijinipoen namoeng „bertanam teboe dibibir“ kéwawon anggènipoen nanggapi koela. Sabab sareng sampoen „habis manis“ wonten ing Dj. ngrikoe koela ladjeng katilar nggendhak pawèstri sanès. Saking poeteging manah, koela saja nasar poenapa kesasar — ah boten oesah koela atoeraken sadaja — tindak koela ingkang woesanipoen poendhating samboetan (dosa) koela kanthi njoekani sareman (rente) sesakit lan kasangsaran ingkang kados mekaten poenika.

Béndjing poenapa tamating lelampahan koela poenika? Dat ingkang Moerbèng Doemadi ingkang ngoeningani!

Koela poen
„Sr. M. nistha“

Mengkono soerasané lajang!

A. W. énggal-énggal oetoesan nilpoen R. Darma ing X ikoe. Nanging saka kana olèh wangsoelar, jèn prijaji maoe wis séda sakalijané.

Katoengka tekané dokter . . . Ketemoené papriksan: kéré ikoe matiné saka lelarané waé.

Tjoethei.



PASRAWOENGAN.

Anak lan wong toewané.

II.

AMBALÈNI remboegkoewi, bab poetri kang tansah nengenaké sesanggané sarta mboedidaja adjegé tatanan ora kena owah saramboet ikoe, roemangsané, jèn atindak mangkono ikoe, oewis oetama banget. Karepé teroes baé arep tata-tata, ora ana bar-baré.

Pangrasané ija mangkono koewi mesthiné patrapé wong ngatoer balé omah kang prajoga dhéwé.

Nanging kawoeningana!

Saking kaderengé mikiri tatané balé omah (pikirané moeng toemoedjoe mrono baé), asring kalimpoet, menawa salijané ngatoer balé omah isih akèh oeroesan sédjé manèh kang magepokan karo kapentingané brajaté lan lija-lijané kang oega koedoe digatèkaké.

Kang mangkéné iki kétéké sapélé, nanging barang kang sapélé maoe menawa ora digatèkaké, asring bisa noewohaké kapitoenan kang gedhé banget, loewih loewih toemrap si'iboe dhéwé.

Sabab botjah-botjah maoe ana ing omah roemangsa ora merdika banget, toer salawasé tansah kepengkok-kepengkok moenggoeh ing karèpé (kasenengané.)

Kang mangkono moeng marga si'iboe tansah mligi nggatèkaké pangatoeranné bab omah lan lija-

„WET BESAR DARI KAHIDOEPAN“

Soeatoe sendjata oentoe kahidoepan dan kemadjoean jang amat berpengaroeh dan wetenschappelijk jang diberikan oleh Alam pada manoesia, dan baroe-baroe ini sadja dapat dikatahoei dan dipetjahkan resianja. Kamalesan, kalelahan, kasedihan, kadjengkelan enz. akan tersingkir dan terganti dengan kasegeran, activiteit dan kabroentoengan.

Harga satoe boekoe tjoema. f 1.—

Pesanan harep disertal dengen oeanja (postwissel), ongkos kirim vrtj: menoenggoe pesenan dengen hormat.

Boekhandel „DOENIA“ Soerabaja.

lijané (oepama riboet djalaran saka oeroesan pakoempoelan awit saking aktipé lan mitoehoe marang kwadjibanné, nganti ora bisa nglengani ngénaki atiné anak dhéwé.)

Apa manéh kok djeneng ngredja [speciaal miroenggakaké wektoe kanggo lelinggihan lan seneng tjetjatoeran. gegoejonan karo anak anaké, apadéné nggatékaké pasinaoné ana ing pamoelangan. Mangka madjoe gedhéné botjah ikoe mboetoehaké banget marang kawigatan iki.

Akèh akèhé bangsa kita, menawa anak-anaké wis padha disekolahaké, bandjoer prasasat ngebroekaké boeboehané mardi poetra marang goeroe goeroené. Anggepé toh wis olèh pangandjaran sa joe-koepé, wis ana kang kadjabah ngawat ngawati.

Kahaman kang mangkéné iki ora lija ateges ngliwakaké kwadjibaning wong toewa toemrap anak, toer oega agawé loewih aboté sesanggané (tangoengané) para goeroe.

Mangka ta pangadjaran ana ing pamoelangan ikoe kena diarani prasasat ora sesangkoetan babarpisan lan kasoelasan, tata krama [zedelike vorming] lan lija-lijané, senadjan ta goeroe ija kadjabah nanggoeng kahamané moerid-moerid, lan wis samesthiné tansah awèh toeladha kang oetama moenggoeh tindak tandok, solah bawa, moena lawan moeni, nanging koedoe oega diemoeti, menawa pasrawoengané goeroe lan moerid ikoe moeng katonné ana ing pamoelangan baé.

Tindak kang mangkono maoe saka sathithik mesthi bakal (bisa) nggingsiraké (ngrenggangaké) sesrawoengané anak lan wong toewané. Kang mangkono maoe tangèh bisané kelakon botjah ora ngandhoet wewadi, bisa soemarah pratjaja (vertrouwelijk) marang wong toewané, oeripé prasasat pisah-pisahan, goèk senengé dhéwé-dhéwé. Amarga botjah maoe roemangsa ora marem seneng pikiré, noeli wiwit golèk kasenangan ana ing lija panggonan. Iki koedoe diprajitnani, djalaran kang mangkono maoe bisa mbibiti (nenoentoen) marang kabijasan kang koerang oetawa ora prajoga, ija ikoe botjah bandjoer bisa oega toewoeh kasenanganné byang-byangan ora karo-karoe-wan, saka tangga, lan sapitoeroeté.

Apa maido?!
Bab iki prajoga padha digalih klawan adil!

Kajata oepamané:
Botjah mamèraké garapanné apik apa mentas tampa boekoe anjar, si iboe ora pati nanggapi. Terkadhang agé-agé dikon soemingkir, sebab iboe lagi rèpot, riboet, ribet. Ditjritani roepa-roepa moeng manthoek-manthoek baé, begdja-begdjané moeni „ija“ kanthi swara kang tjemplang ora maremaké, moeng kanggo nglengani baé, soepaja bèn ndang oewis lan loenga, (ora tlatèn). Moenggoeh satemenné pantji ora nggatékaké babar pisan.

Didjaloeki warah djaré ora témpo, dikontakon kamasé apa noeli mbakjoené, apa kantjané, lan sapitoeroeté. Terkadhang toemandang kala kala gelem nanggapi pitakonané anaké, samongsa anaké ora agé agé njandhak (ngerti), di kasar lan di sentak sentak, merga pikirané ora tadjem (sawidji), kesoésoe arep mikiri (nggarap) pagawéjan lijané, kang satemenné kena disrantékaké sawatara dhisik.

Kang mangkéné iki agawé gela lan tjewané si botjah, loewih loewih menawa botjah maoe sadjak doewé watak aleman, kétok seneng banget, menawa roemongsa di gitani, awit pantji mboetoehaké banget ikoe. Moela botjah bandjoer sangsaja ngedohi, soeda (ilang) kapertjajané lan wong toewané, toer bandjoer ja soeda katresnané pisan.

Apa iki koedoe kapitoenan gedhé?

Mangka ta kita saiki iki lagi ramé-raméné ada-ada kepéngin mbangoen djagad anjar.

Apa ija ndadak bisa klakon, menawa mimpin anak-anaké dhéwé baé wis ora bisa, merga djaré ora ngerti marang kekarepané si anak, sarta pantjen botjahé sing kebangeten. Mangka ta, ja anak² kita iki kang bakal moedjoedaké djagad anjar.

Kadjaba saka ikoe, saking sregepé kaoem iboe kang oega ngemoe rasa koerang pamengkoé, (miroengga) toemrap braiaté anak-anaké, prasasat bandjoer ngedohaké awaké dhéwé, pasrawoengané ora roemaket (hartelijk, intiem). Kabèh toemindaké moeng saka atoeran baé, ora meroe saka rasa sih (spontaan), kang ngosikaké atiné, mboedidaja adja kongsi nganti ana rasa ketjoe-wan antara sidji lan sidjiné, apadéné gawé gela iboené, kang bakal bisa noewoehaké pangoring pangoring. Mangkono sapitoeroeté.

Dadi kabèh sarwa étoengan, kang lelandhesan pamikir, ora saka toewoehing rasa sih. Gedhé tjilik mangkono ikoe dadi kaja déné sarwa kapeksa.

Sédjé karo jèn si iboe ndoewèni miroenggan: jèn botjah ora gelem nerak wewaler, ikoe toemindaké marga saka katresnané kang noewoehaké adrengé karepé adja kongsi agawé gelané si iboe. Dadi toemindaké kanthi seneng lan rila ichlas.

Kang mangkono maoe moela si iboe koedoe bisa mapakaké awaké ing alamé botjah-botjah lanang anak anaké.

Bisané toemindaké klawan gelem wani ngoerbanaké kekarepané dhéwé, koedoe bisa mboedi daja mangerti marang kekandhoetané (wèwatakakané).

Oega koedoe bisa dadi mitra sinara wèdi lan kantja kang setya. Kang mangkéné iki si iboe koedoe bisa magrèh dhiri pribadi sarta bisa nindakaké lan nandoekaké katresnané.

Moe'a kita koedoe tansah njinaoe klawan temen-temen ma-

rang wewatekan lan kekarepané anak anak kita...

Saiki P.S., nganakaké papan miroenggan kanggo „taman botjah“ Kang mangkéné iki ora nggoemoenaké djalaran P.S. ndoewèni antjas njebar lan ndhedher winih [semangat kemadjoean marang para maos. Ewa semono ija meksa koedoe kita akoni palimarmané iki kang antjasé ora lija soepaja awèh soepangat marang anak anak kita.

Kang mangkono maoe, taman botjah pantes dadi kawigatané para sepoeh lan pinisepoeh, loewih-loewih kaoem iboe.

Sing roemangsa bisa, asoeng soembangan kang toedjoeané mimpin lan ndhidhik kanthi dalan kang prasadja, sarana awèh wewatjan kang nengsemaké lan bisa narik [uggoegah] atiné anak-anak kita.

Sabaliké kita apadéné kaoer iboe koedoe, bisa miroenggakaké wektoe kanggo mimpin anak anak kita soepaja seneng mematja, sarta nggatékaké soerasané kang diwatja.

Klawan mangkono anak anak kita bakal krasa ing atiné menawa ora ana papan kang loewih nengsemaké lan awèh kemareman kadjaba moeng ing omahé wong toewané. Djalaran di mangertèni, kekarepané lan di legani kasene ngané apadéné roemangsa tansah digatékaké saroeapané kaboetohané.

Iki bakal loewih ndjenakaké anak anak kita ana ing omah, kang ateges oega kadjaga katen-tremané sarta nambahi kasenanganné wong toewa, déné rinaketan (linoeloetan) anak anaké. Kadjaba saka ikoe, kabèh iki oega ndjaga anak anak kita adja kongsi salah gawé atindak kang nenoentoen marang lakoe sasar.

Pantji doedoe baèn baèn sesanggané kaoem iboe, samono ikoe menawa pantji diandhemi lan dileksanani, merga iki kabèh ora lija moeng ateges koerban, ngoerbanaké wektoe, tenaga,

asring oega kasenangan.

Nanging menawa dilakoni klawan temen-temen, ija bakal gedhé manfa'até.

Boewahé pangorbanan kang awoedjoed klakonné netepi koewadjiban klawan sampoerna lan pikolèh, ikoe kadi déné gandjaran kang tanpa oepama lan awèh rasa marem lan tentrem, apadéné gembira ana ing sadjroning alam pasrawoengan.

Déné manawa kita roemangsa doeroeng marem klawan kabahané anak anak kita ikoe ora prajoga banget menawa kita bandjoer ngoendhat - oendhat lan ngoendhamana, ngresoela sambat, menawa anak-anak kita ora ana roemangsane, ora weroeh ing panarima lan lija-lijané. Apadéné jèn srengeng marang salah sidjiné batjah koedoe didjaga, adja kongsi kawroehan ing lijané, loewih-loewih manawa botjah ikoe nlangsanana sarta tjilikan atèn. Bisa oega roemangsa digawé wirang, kang bandjoer bisa njerikaké atiné sarta noewoehaké tékad kang ora apik. Oepamané ora perdoelèn (onverschillig).

Saméné dhisik or-bankoe tak poenggel. Tembè mboeri, menawa akoe wis éntoek wewengan manéh, ija nedja mbandjoeraké wawasan kang sesangkoetan karo oréhan iki. Samono ikoe menawa digalih pe-loe lan migoenanani déning sedoeloer redactie, apadéné karsa maringi papan.

BIJANG TI.



PAMARDINING BOEDI.

(Doerma).

Datan moendoer, mandar marsoedi andadra, mardi édinging boedi, binoedi ginala, ginoelang.

Entenana sedhela. Toemoeli metoe!

Boekoe kang ngandharaké sedjarahé sardjana kang tjakal bakal babad alas pagerakan Nasionai, ija kang wiwitan nandoer widji semangat kabangsan, jaikoe:

Dr. WAHIDIN SOEDIROHOESODO.

(Rinengga ing gambar pandjenengané maoe)

Kaimpoen déning: IMAM SOEPARDI.

Toemrap abonue P. S. regane moeng f 0,15.

salaminja, linceloeh lan lakoenèki, ngoekoet kekeran, linakjan sari ari.

Liré mardî marang kang oetama, mamangoen tyas basoeki, ngrakit laksitardja, tan arsa sesongaran, njiirik sing rasa sak serik, ngarah rahardja, ndjoendjoeng poendjoeling poedji.

Amoemoedji djaja - widjajaning djagad, mandjingé ing sakalir, djanma manoengsa mjang, sadaja sato gesang, tanem toewoeh lir koemethip, pinoedya - poedya, joewananing doemadi.

Tjiptanira loemintir tansah ri-neksa, soemin-gah ingkang sisip, saben arsa njimpang, njalimpet njipta lepat, gé-agé giniring bali, mbalèni dalan, kang tekan bener betjik.

Soemoroting boedi lawan tjiptanira, pindha soenaring sasi, adjeg angoedjwala, soemoeloeh tri bawana, ngenani sagoeng doemadi, gawé gambira, rena mereming galih.

TATAS-TITIS-TOTCS.

[G a m b o e h].

Anggita lagoe gamboeh, ginagelang lalagon saloegoe, marga lagi kalegan djroning panggali, lilihing nala anggiloet, watak: tatas, titis, totos.

Tegesé TATAS ikoe, koemertjapé loekita tan kakoe, datan koemel wetoening kata atitih, tètèh terang temboengipoen, remboegé tan teges mangro.

Tijang ingkang angroengoe, gampil ngertos dhateng tegesipoen, gawang-gawang sinawang sadjroning ati, sadaja ingkang rinemboeg, tan wonten kang salah batos.

Déné TITIS poenikoe, trep terampil énggal gampil ngimpoen, gampang nampi pitakènan kang tan gampil, winangsoelan kanthi goepoeh, panggah amranani batos.

Temboeng TOTOS poenikoe, teges atos abontos saéstoe, tetep tatag atanggon tan pilih tandhing, kalamoen kapengkok kéwoeh, koewawi ginawé oewod.

Wadal djiwa jèn preloe, rinilakken sinèlèh ingajoen, njoeting drija mamajoe-ajoe oetami, kaotaman kang ginajoe, kajoengjoen toemekèng lajon.

DARMODJO.



DOELITAN.

WIS seminggoe ing koetha Soerabaja gègèr kepati, ora kok merga gègèré wong ngojak matjan diwadhabi boemboeng. — nanging merga riboet saka anané pawarta bab doelitan lan tjoelik, kang djaréné padha njoeliki (njolongi) botjah tjilik.

Ing kampoeng kampoeng, oemyek wong kang ngremboeg doelitan kabèh padha wedi, botjah botjah ora kena dolanan, malah akèh wong toewa sing nglarangi anaké . . . mleboe sekolah.

Ing Ngaglik, ana wong kang golèk [toekoe] lajang gadhèn sing wis ilang, noedjoe takon karo botjah tjilik. — wong maoe dikira tjoelik, noeli dikepoeng wong sak kampoeng, nganti wong maoe babak boendhas, setengah oerip, jèn poelisi ora énggal tjampoer tangan, mbokmenawa wong maoe sida tindjo kèrat: déné pendhoedhoek kampoeng sing ngamoek maoe teroes digiring menjang kantor poelisi, kèhé moeng . . . 22.

Ing tjedhaké Waroe, ana wong désa arep nggolèki pamiliné, takon takon omahé pamiliné maoe, nanging dikira tjoelik, noeli dikrojek, nganti teloeng prapat mati.

Iki bebajané wong kang gampang ngandelé marang kabar la-lawora. Hla wong ora soemeroep dhéwé, kandha weroeh, toer jèn dioeroes, lagi ngakoe. . . . kandhané wong.

Man Djamino mèh waé ngalami sing ora kepénak. Nalikané dhèké mleboe kampoeng Kapasan, perloe golèk tambal boetoeh, ana ndalan nemoe plemboengan karèt, diwènèhaké njang botjah tjilik sing noedjoe dolanan ana kono, bareng ana sing weroeh, si Paman bandjoer dikroeboeng wong akèh, dikira arep njoelik botjah, mèh waé si paman dibréngkès mentah mentahan, jèn ora-a ana poelisi sing toeloeng. Si Paman arep tetoeloeng, tibaké arep olèh penthoeng.

Sa riweg djam 11 lagi moelih saka pasar, ditakoni Besoet: Pena ikoe jok apa, rèk, wong loenga njang pasar Genthèng aé, kok djam 11 boeroe moelih, toekoe apa aé pena ikoe?

Anoe, tjak, — wangsoelané Sa-riweg: Anoe, maoe ndhoek pasar, akoe mèh waé didoelit wong, akoe diedjak njang toko Tjijoda, djaré apé ditroekokna lenga wangi, pikiran ésoen gak dadi apa mèloe, anggeré olèh lenga wangi aé, tibak-é wongé tjoemak aksi aé,

gak doewé dhoewit, merga wong lenga rega f 2.50 dienjang f 0 25, teroes mangkel akoe, wongé tak repotna poelisi, tak warah doelitan, tapi bareng akoe ditakoni poelisi, apa-a pena kok gelem mèloe, tak kandhani, wong akoe kepéngin lenga wangi, — tibaké poelisiné mèloe. . . . anggoejojoe.

Manoet onderzoek-é si Boeboet, doelitan lan tjoelikan ikoe satemené ora ana. Ija mbokmenawa ana sidji wong kélangan anaké, tapi nèk sak Soerabaja djaréné kebak doelitan, ikoe djaré wong Betawi: omong doang. . .

Hla nèk doelitan wong. — doedoe botjah. — ikoe si Boeboet pertjaja, merga wingi soré dhèwèké mlakoe mlakoe arep golèk bon bonan bakal djas, ana pretelon dadak kepapag wong wadon idjèn klambiné kantstof, djariké garis miring, slopé djindjit ireng tjorèk poetih kira kira nomer 36, anggawa tas tjilik, kepapag Boeboet karo mbalang liring, teroes waé tanpa sebab si Boeboet katoet, ngetoetaké, woeroeng ngehon, sida kena doelit. . . .

Hla iki djenengé doelitan temenan, merga pantjèn njata, sarta Boeboet dhéwé tobat mentjit.

Asmoenah sing saiki kaja sripah, anteng ana omah waé, ora ngerti tegesé doelitan. Dina Minggroe dhèwèké kepéngin roedjak tjingoer, akon marang Bok Djah, batoeré: „Nja, mBok Djah dhoewit setali akoe toekokna doelitan.“

Bok Djah kipa kipa, ora wani, hla wong doelitan kok dikon noekoe, ora weroeha sing dikarepaké doelitan déning Asmoenah maoe, ora lija petis oerang.

Besoet dhéwé wis pirang pirang dina pikiranné tansah moebeng kaja kitiran, ésoek ésoek bola bali loenga, nganti disemoni déning Man Djamiro ngéné:

Montor moeloek kok molak malik.

Antarané kentèkan lenga, Esoek ésoek kok bolak balik, Antarané kenèk . . . goena.

Ditakoni njang si Paman: Soet, soet, pena ikoe Soet, ésoek ésoek kok kaja lélé digedhig, apa sing pena telèki ikoe?

Anoe, man, — wangsoelagé, — ésoen bingoeng pikiranné, man, adhik pena si Asmoenah, kandha nèk wingi soré kroengoe kabar djaréné ana arèk digondhol tjoelik, akoe dikon nggolèki, wah ja kebeneran temenen, akoe loenga

apé golèki tjoelik, dadak ana dalan, akoe eroeh wong wédok ncentoen arèk tjilik, teroes aé tak kiting, tak toet mboeri, soewé soewé tak takoni, wah dhasar wongé ngéné lo man (karo noedohaké djempolanné) teroes aé atikoe senat seniet, nganti saiki bingoeng pikiranné, mangka gak eroeh omahé, moela akoe meta metoe, pamitan adhik pena, perloe anggoleki „tjoelik“ maoe. . .

Bab kabaran tjoelik lan doelitan, iki ana betjiké, nanging ja akèh alané. Alané déné pendhoedhoek kampoeng bandjoer sok ngawoer, menthoengi wong ora dosa kaja kang kedadéjan ing Ngaglik boeroe iki. Déné betjiké, jaikoe bandjoer soeda kèhé wong wong sing kloejoeran wajah bengi, awit jèn isih akèh sing kloejoeran, ora woeroeng ja akèh sing kedoeleit, sarta manèh merga anané kabaran maoe bandjoer akèh wong sing ndjaga omahé lan anak anaké.

Jèn tjoelik ing negara kéné, ora sepiro-a djahaté, bareng tjoelik ing tanah Amerika, walah tobat, mosok wong njolong botjah tjilik, didhelikaké, wong toewané noeli didjaloeke teboesan éwon éwon dollar, jèn ora énggal mènèhi, botjahé maoe di . . . patèni.

Tjoelik ing kéné, — saopama ana a temenan lan sing wis taoe klakon, moeng arep golèk dhoewit, botjah sing ditjolong diedol rega setali, jèn boetoeh ja wis ditjoelaké.

Sing loewih mbebajani ikoe jèn sing dadi tjoelik kaja dhalang Joedoprajitno, kedjaba enggonné mider mider gratis merga diongkosi pakoempoelané, dadak sing digondhol boeroe iki. . . . kepunané dhéwé, toer isih lagi oemoer 15 taen (manoet M).

Naséhaté Besoet njang para maos kabèh, jèn ana gègèran tjoelik, adja kok bandjoer dikrojek, ditandangi dhéwé, nanging tjekelen, tjeg, oendangna poelisi, jèn njata loepoet, bèn olèh gandjaran. Déné jèn ana tjoelik bangsané Asmoenah sing ana ndalan ndalan karo mèsam mèsam, jèn ora kepéngin ditjoelik, énggal njngkira sing adoh, adja kaja Man Djamino, kang malah njedhaki, tibak-é ja klakon taoe ditjoelik sedina ora moelih, moelibé kandhané njang Bik Djamino djaré tas loenga dolin kertoe lima.

Jèn ditakoni pira menangé, dhompèté sing wis kothong, dioentjalaké. . . . iki lo.

SEBOEL.

sekatèn, pangetjapan De Bliksem sarta Poera Mangkoenegeran.

Moerid² roemangsa gedhé atiné, saja moendhak djembar sesoeroepané.

MELASASIH.

Ana sawidjiné toekang Loäk nemoe baji mati ana ing sadjeroné blèk beskoewit ana ing kali Tjidheng bagian Weltevrèden, bareng blèk beskoewit di angkat saka ndjero kali kang pinoedjoe asat, di kira jèn ikoe blèk kosong, bareng di boekak katon ngringkel ana bajiné, teroes toekang Loäk rapport marang politie kang pinoedjoe djaga ana ing Posthuis kp. Lima, teroes di gawa menjang C. B. Z.

Moega-moega wong kang ilang kamanoengsané biso-a olèh benoéné Pangéran.

BOEKOE ANJAR.

Saka J. B. Wolters.

Saka Uitg. Mij J. B. Wolters, ing Gang Scott. 5 Batavia C. redactie nampa boekoe verklarend handwoerdenboek der Nederlandse taal karangané toewan Koenen-Endepols, kang nembé kababar tjap tjapan kang kaping 18, didjilid apik lan santosa, regané f 5,60.

Pigoenané boekoe iki toemrap kang mahamaké moderne talen, wis ora perloe karembog manèh. Jèn moendhoet boekoe marang adres ing dhoewoer maoe, sarta betjik oega jèn katerangaké mentas matja saka P. S.

Saka Balai Poestaka.

Redactie nampa boekoe loro, „Dari hal Pandidikan“ [basa Mlajoe] lan „Antjer-antjer bab anggoelawentah laré“ kabèh karangané A. de La Court, directeur H. I. K. Bandoeng. Boekoe iki wigati isiné toemrap para goeroe lan wong toewa kang migatèkaké bab panggoelawentah, kaja adat saben boekoe weton Balé Poestaka apik lan moerah, sing dhisik f 0,50, sidjiné f 0,40, jèn moendhoet, ija marang Balé Poestaka.

Saka Boekh. Soeleman Solo.

Saka toko boekoe iki, redactie nampa boekoe 4: 1 Moemoelja sarita (bab pangroematé baji) (2 Wiwaha tatatjara dhaoeping prija wanita) f 0,30; 3. Gegaran piwoelang nembang f 0,20 lan 4. Pakem tjandranangkala f 0,25, kang padha pe loe disoemoeroepi.

Saka Boekhandel „Pasaron“ Solo.

Kita nampa „Pandang pralaja“ regané f 0,65 kang ini kawroeh kasampoernan, basa lan aksara Djawa. Kabèh jèn moendhoet ija marang boekhandel kasiboet maoe.

„Penoendjoe djalan bagi pengemoedi kendaraan motor“.

Boekoe iki isiné wis ketjakoep ing djenengé, tjekoep katrangan lan gambar-gambaré, perloe kanggo soepir lan wong kang njetir motor soepaja ora noebroek-noebroek. Regané f 0,70 toekoéné marang „Bowetter“, Soekaboemi.

DUURTETOESLAG.

Para prijaji kang nampa gadjih sangisoré f 300, wiwit sasi iki padha nampa duurtetoelag 5%.



Wawasan ndjaban rangkab.

John D. Rockefeller †.

JOHN D. ROCKEFELLER, wis tinggal donja nalika tanggal 23 kapoengkoer ing Daytona Beach [Florida], sadjroning oemoer 97 taoen.

Manawa perloe oega kita andaraké ing kéné klawan tjekak aos pangoripanné wong kang „mrodjol ingakerep“ iki.

John D. Rockefeller di'ahiraké tanggal 8 Juli 1839 ing Richford, Tioga Country New York. Dhèwèké anaké William A Rockefeller soedagar kang mlarat. Tahoen 1849 dhèwèké sekolah désa ing Cleveland lan taoen 1854 dadi gamel toekang metjèl kajoe. Setahoen sawisé ikoe dhèwèké dadi tjarik toko ing Cleveland, klawan blandja 4 dollar seminggoe. Sabagéjan dhoewiti disokongaké wong toewané lan ditjèlengi, nganti taoen 1858 dhèwèké bisa mèloe goemolong marang firma „Clarck en Rockefeller“.

Wiwit taoen 1859 dhèwèké ngoedi ndagangan lenga patra lan nem taoen sawisé ikoe dhèwèké wis doewé dhoewit 10.000 dollar.

Taen ikoe oega (1865) dhèwèké ngadegaké pabrik lenga patra „Standard Oil Works“. Tahoen 1868 dhèwèké wiwit toekoe palemahan kang ngandhoet lenga patra. Taen 1882 dhèwèké ngedhegaké „Standard Oil Trust“ lan wiwit ikoe dhèwèké ngwasani pasar lenga patra. Wong kang njamboet gawé ing pabrik-pabriké watara ana 60.000 djiwa.

Rockefeller lèrèn olèhé dedagangan taen 1895 lan diganti déning anaké.

Kadjaba kesowoer pinteré enggoné lakoe dedagangan, Rockefeller sabandjoeré bandjoer kesowoer ingendi endi djalaran dherma-dhermané kang akèh banget. Pamoelangan loehoer

ing Chicago didegaké déning R. klawan diongkosi 12 joeta dollar. General Education Board olèh dherma 43 miljoen dollar. Ing taen 1901 didegaké Rockefeller instituit kanggo kaperloewan niti priksa obat obat ing New York, klawan ongkos 15 miljoen dollar.

Pendhirianné kang gedhé dhéwé jaikoe Rockefeller foundation taen 1913 kang diongkosi 180 miljoen dollar. Goenggoengé dhoewité kang didermakaké kanggo amal ikoe watara ana 500 miljoen dollar. Sawisé dibagi-bagi marang koelawargané dhèwèké isih ndoewé kaia 500 miljoen.

Rockefeller ora patija mredoeli marang pendhirian-pendhirianné ikoe lan ana sawatara golongan kang ngarani jèn enggoné asoeng derma samono kèhé ikoe pamrihé soepaja dhèwèké dikenal lan kondhang saindhenging donja. Nanging dikaja ngapa baé, pendhirian-pendhirianné maoe asilé betjik banget.

Sapira kèhé kasoegihanné Rockefeller ikoe ora bisa diterangaké klawan patitis. Moeng waé ana wong kang ngitoeng itoeng, jèn pengasilanné lan anakanné bandhané kabèh maoe sadinané ora koerang saka setengah joeta roepijah.

M. A.

(Pethikan kawat Aneta saka s.s.k.)

Boewana Eropah.

Spanjol

— Perang Spanjol, loewih mbebjani toemrap katentremané Eropah kabèh, merga boeroe iki ana kapal perang Djerman kang ora dosa toer ana ing sandjabané wates internasional, dibom déning kapal maboer pamréntah Spanjol (komoenis), ndadèkaké nepsoené Djerman, moela bandjoer ngirimaké kapal perang lija, sarta nantang marang Spanjol.

Kaoem pambrontak saiki ngegoni tilas kraton, sarta loemawan teroes marang bala pemréntah kang ngamoek poenggoeng

Inggris.

— Premier Baldwin nampa gandrajan pangkat agoeng saka Radja Inggris.

— Sikepé Inggris toemrap tradjaké Djerman kang arep nindakaké karosanné marang Spanjol, doeroeng dilahiraké.

Djerman.

— Djerman gawé perajaan mèngeti anané perangan ing Jutland wis ganep 21 taen, klawan didjenengi déning wakil Djepang.

— Pers moentap nepsoené ngroengoe kabar jèn kapal Djerman dibom déning Spanjol.

Italie.

— Italie oega ngirimaké bala manèh marang Spanjol, sawisé mitrané (Djerman) dibom kapalé.

— Gerakan moengsoehi agama. Roomsche Katholieke isih santer banget, nganti ana swara ndakwa jèn Paus ngéloni wong kang loe-pot.

BOEWANA ASIA.

Djepang.

— Dhapoekan pamréntah ing Djepang doeroeng bèrès. Saiki premier lèrèn, diganti Prins Konoe kang oega doeroeng bisa golek mitra lijané kang bakal dipasrahi njekel pegawéjan dhéwé.

Tiongkok.

— Swasana ing Asia wétan saiki wis mendha, ing Tiongkok oega wis soeda, kedjaba moeng anané bebaja patjeklik.

— Pasoelajan karo Djepang ing Aoyama wis bisa diberesaké sarana dalan katentremen. Maoené ing kono ana kapal Djepang papat, saiki kari sidji.

— Mengkono oega gègèran ing Swatow wis bisa diakoraké, sarta Djepang ngakoni kaloepoetané, ndjalari mareming atiné péhak Tionghoa.

Indhia.

— Ing Bombay, kaoem Moeslimin lan Hindhoe padha tjampoech perang. Kéhing wong kang tatoe atoesan, sarta kang mati ana teloe. Nganti saiki saja moetawatiraké.

(Jèn sawidjining bangsa pidjer padoedon bab kapijandelan agamané dhéwé dhéwé, tangèh bisané manonggal moedjoedaké sak bangsa moela saka ikoe Parindra ora ndhasarake pagerakanné loemantar agama, nanging malah ngadjèni marang agamané sapa waé cor.).



P. P. B. DJEMBER.

Dina Kemis 27 Mei 1937. Ing Djember para pensioenan (P.P.B.) wis nganakaké vergadering, openbaar, di tekani pengeroesé saka Semarang Toean R. Prawata-Soemadilaga, lan saka Banjoewangi R. A. A. Nataadisoerja kang di remboeg bab asas lan toedjoeané P. P. B. lan manèh Bank pensioenan.

Déné R. A. A. Nataadisoerja agawé seroean kang ngenani marang kepentingané oemoem lan pendidikan, samono oega koerang prajogané jèn djaman kang kaja mangkéné iki péhak prijaji soepaja wiwit kersaha ngilangi watak watak kang ngedohi marang rakjat oemoem.

DR. SOEKIMAN.

Dr. Soekiman kang maoené misah saka P.S.I.I. sarta nganakaké koempoelan lija aran Parli, saiki koempoel manèh ing pabarisasi P.S.I.I. tandha ora roedjoek marang tradjagé H.A. Salim.

PASAR DERMA K. B. I.

Malem Minggu iki lan malem Senèn K.B.I. Soerabaja nganakaké pasar derma ana ing Koblen (N.I.S. laan B.A.S. straat) kang olèh olèhané 75 pCt. kanggo amal, déné entree moeng 5 sèn. Pantès jèn padha njokong!

PASAR MALEM NASIONAL.

Komitè lagi nemoe panggonan kanggo pasar malem iki. Dinané doeroeng bisa namtokaké awit isih ngrantjang pegawéjané. Moega moega sidaa.

LAJANG KABAR MADOERA.

Jèn tanpa alangan sarta akèh kang ngarepaké, Mij „Indhonésia“ bakal ngetokaké lajang kabar basa Madoera kanggo sedoeloer kita poeta Madoera, arané „Madoeretna“

IDJO ABANG POETIH.

Akèh wong kang lagi waé soemoeroep marang betjiké gagasané Parindra barang Parindra wis nganakaké kongrésé boeroe iki. Ing tlatah Toeban ana sawatara sedoeloer kang ndjaloké dadi warga soemabar.

P. B. PARINDRA.

Malem Minggu iki P. B. Parindra nganakaké parepatan plena ngremboeg bab-bab kang gegajoetan sawisé kongrés lan mrintji-mrintji pegawéjan.

PARINDRA SOERABAJA.

Parindra Soerabaja arep nganakaké parepatan warga ing malem Senèn ngarep iki manggon ing Paviljoen G. N. I. perloe merslahaké kongrés sarta mrintji pegawéjan.

MENJANG SOLO.

Minggu kepoengkoer Dr. Soetomo nganakaké sesorah ing Gedhong „Sanaharsana“ ing Solo bab wawasan pagerakan ing Indhija lan Djepang, sing nekani akèh.

GERINDO.

Ing Betawi ana koempoelan anjar aran Gerindo, kang wis mleboe dadi lid M. Yamin, Sanoesi Pané, Mr. Amir lan Mr. Sartono, nanging ing pamboeriné Mr. Sartono kandha jèn ora weroeh djawané marang toedjoewauné koempoelan maoe sarta kabaran kang nélakaké jèn Mr. Sartono wis mleboe, digosohaké.

CONGRES PISI.

Kaja wis dikabaraké ing P. S. kéné anané Kongres Pemoeda Islam Indonésia (P. I. S. I.) kang ping 2 ing Probolinggo, nganggo diramèkaké bal-balan.

Poatoesan - poatoesan Congres kang dioemoemaké:

1. Kepoetriani P. I. S. I. kang maoené aran Asmaijah diganti P. I. S. I. Bagean Istri (P. I. S. I.).

2. Kanthi kekoeatan sabisané P. I. S. I. arep mbrantas woeta sastra.

3. P. I. S. I. sedija njamboet gawé bebarengan karo perkoempoelan pemoeda lijané, oepamané I. M. S. P. I. lijané arep mbrantas woeta sastra.

4. P. I. S. I. sathithiké 3 woelan sapisan arep nganakaké pegadring openbaar (lezing kanggo oemoem), kanthi ngadjak sakabèhé perkoempoelan pemoeda ora mandeng agama apa baé.

5. Kepandoean P. I. S. I. diganti djeneng Kepandoean Islam Indonésia (K. I. I.).

SESORAH.

Malem Rebo ngarep iki, Dr. Soetomo nganakaké sesorah „wawasan ndjaban rangkah“ ana ing Paviljoen G. N. I. kanggo warga Parindra. Warga Parindra mesthi bjoek bjoekan kang nekani.

K. R. I. SOLO PETJAH MANEH.

Bijèn, nalika tg. 13 April 1935 kepandhoean ing ndhoewoer ikoe wis taoe petjah; K. R. I. sing misah ikoe nganti sepréné kondhang karan K. R. merdika, sarta loro loroné katon padha koewaté.

Doeroeng nganti pepisahan ikoe njawidji manèh, saiki kesoesoel K. R. I. tjab. Solo petjah manèh, sarta golongan sing misahaké sing kèri iki bandjoer ambjoer mleboe ing kalangané K. R. I. merdika.

Moega-moega kedadéjan iki minangka dadi katja bezinggalané para pengemoedhining pakoempoelan.

M. D. GORANGGARENG.

Moehammadijah Goranggarèng, nalika dina malem Achad tanggal 22/23 Mei 1937, wis nganakaké gandrangan oemoem, manggon ing sekolahan H. I. S. Moehammadijah Redjosarie. Sing ngrawoehi gandrangan iki k. l. ana 150, kapétoeng oega kaoem poetri [25]. Gandrangan dipimpin déning s. Soekotjo, lan diboekaké djam setengah 9 bengi.

Salebaré sesorah-sesorah, oega dianakaké pitakonan kanggo oemoem, kang gegandhèngan karo pidhato pidhato maoe, loewih loewih pitakon babagan agama Islam.

Gandrangan maoe didjenengi wakil ing pamréntah Toean Mantri Politie.

KABAR BLORA.

Moehammadijah ing Blora nalika malem Minggu ddo. 23-5-37 wis nganakaké sesorah oemoem lan Mauloed Nabi, manggon ing sekolahan H. I. S. Moehammadijah lan dirawoehi Consul Moehammadijah ing Semarang, wakil Moehammadijah ing Tjepoe lan Poerwodadi, wong

kang padha ngroengokaké sesorah loewih saka wong 200.

Aijsijah [kaoem poetri] oega ora katinggalan, oega nganakaké sesorah lan diperajakaké para moerid-moerid Nasijatoel-Aijsijah.

KAOEM POETRI DINOJOTANGSI.

Wis sawatara déning Parindra Sectie I Dinojo wis dianakaké Perepatan Kepoetriani wewengkon Parindra Sectie I. Pangarsa Wara Soekardan ngandharaké perloené enggonné nganakaké perepatan.

Wara Soetapa nerangaké lan mangalem bana toemrap keantejané para warga enggonné temen-temen ngawoela marang perkoempoelan lan kaprijé doenoengé pasinaon sarta djasané kang wis bisa dirasakaké marang kaoemé, lan perkoempoelan lija kang padha moektèkaké, kaja kang wis diriwijataké nalikané Tjabang Perindra Soerabaja nganakaké parepatan tahoenan.

Pangrèh anjar kajata:

Wara Soetopo Pangarsa, wara Poetrohadikoesoemo Pangarsa moedha, wara Wongsodirénjo Hartaka, wara Soekanda Podielis.

Déné Pembantoené wara Setijo, H. Rachman, Hardjowinoto, Soekardhan, Kalil, Gondoprawiro.

Pangrèh loehoer wira Tjiptodipoero lan wira Kromosastro.

Pamong pasinaon: Wara Tjiptodipoero, Adiwino, lan Gondokoesoemo.

P. P. P. K.

Pamong Poeseré Persatoean Pergerakan Pemoedha Kristen manaoet poatoesané Congres ana Klaten iki, ana Solo manèh. Déné sing dipilih:

1. Voorzitter sdr. Sentot.
2. Penoelis sdr. Wedijaprasertija
3. Penningmeester sdr. Samta.
4. Anggota sdr. Tegoeh.

Déné sing mendhégani „Soeara Pemoedha“, baliswarané P.P.P.K. sdr. Sentot, sarta kabantoe H.B. P.P.P.K.

Ing koekoeban Soerakarta sisih kidoel oetawa kaseboetaké Boemi Soekawati Kidoel, senandjan tjabahé pemoedha Christené moeng sawatara, nanging awit saka iniatief sdr. J. Soesanta cs., boeroe iki wis bisa ngedegaké tjabang P.P.P.K. tjabang Soekawati Kidoel.

**OELAH RAGA****VOETBAL ING SOEKOLILO.**

Dhèk tanggal 23 Mei '37 ing onderdistrict Soekolilo wis dianakaké pertandingan voetbal antarané S. V. C. (Soekolilo) moengsoeh M.P.P.S. (Pathi).

Kang padha nonton akèh banger, djalaran ing wektoe ikoe ing Soekolilo kabener ana kraméjan kang dianakaké saben taoen, jaikeo pendhak tanggal 12 Moeloed. Saben wong kang padha nonton, ngira jèn S.V.C. bakal ditjoekoe nganti brindhil, awit kedjaba magedé S.V.C. lagi 3 sasi, pantjèn M.P.P.S. ikoe perkoempoelan ing Pathi kang wis kagolong misoewoer dhéwé. Sadoeroengé pauze stand 1-1, sawisé pouze M.P.P.S. bisa nglebokaké manèh 1. nanging ora antara soewé saka mepengé sadoeloer Darsoeni bisa nglebokaké manèh 1, nganti lebar tetep stand 2-2.

**SAKA REDACTIE.**

Abn. 8079. Probolinggo. Bantangan D. D. D. D. D. 5. adja dikirimaké marang kita, nanging menjang adm. „Merdika“ Postbox 157. Soerabaja.

Para langganan. Menawa kirim soerat kang gegajoetan karo karangan lan sapanoenggalané soepaja kersa ngirimaké menjang Redactie.

SAKA ADMINISTATIE.

Abn. 11258 Pekalognan. Kena, sathithiké f 025.

Abn. 10402 Malang. Wiwit sasi Maart 37.

Abn. 9330 Koetowinangoen. Wis kleboe Febr. 37 kaseboet No. 9538.

Abn. 3244 Wis katampa.

Abn. 4001 Wis katampa.

Abn. 5542 Grisee. Wis katampa.

Abn. 10414 Bangko. Wis katampa.

Abn. 10789 Keboemen I kena, lan oeroenanné sathithiké f 0,25 (sa-andeel). II saben dina Saptosoré. III Wis katampa.

Abn. 6949 Solo. Kanggo kw. II/1937.

Abn. 4075 Fort v/d Capellen. Wis katampa lan bèrés.

Abn. 10815 Soengngirong. Idem.

Abn. 11949 R. M. D. ing Modjokerto. Katjathet 1/6-37 P.S. April 37 ora sedhija.

Abn., S. ing Silosanen, I Wiwit sasi Juni 37. II Kena.

Abn. 4207 Semarang. Jèn ngrangkep S.O. f 1.25 sakwartalé.



TAMAN BOTJAH

LELAGON.

WATAK TEMEN.

(Midjil)

Watak temen jekti ambrekahi,
Mring sadhéngah oewong.
Sapa temen, gampang katekané.
Sakèh pepènginan gedhé tjilik.
Lamoen dèn temeni,
Mesthi énggal rawoeh.

Bebasan Djawa, ana kang moeni,
Sapa temen jektos,
Tinemoe apa ing kersané,
Péngin soegih, oeger temen gemi,
Njamboet gawé keskil,
Jekti jèn djinoeroeng.

Lamoen sira péngin dadya wasis,
Ing sabarang klakon,
Oeger sregep datan mbaekaké,
Marang sakèh ingkang sira ésthi,
Jwa k'soesoe ngoendoeri,
Lamoen doeroeng baed.

BIBI SRI

TJANGKRIMAN

BATANGAN.

1. Goenoeng Kawi—Iwak.
2. Sepoer, dhokar, andhong, keréta, sepédha.
3. N.

Rèhné kang mèloe batang jangkriman iki oega akèh banget jaikoe 74, lan papané ing Taman botjah kéné roepék banget, moelané ja ora bisa dipatjak ing kéné. Moeng baé menawa ana kang mbadhé salah, soepaja gelema ndeleng batangané iki, lan ditjotjogna manèh. Rèhné kanggo tjangkriman kaja ngéné iki ora disedhijani prijs, moelané soepaja ora ngetjèh-etjèh wragad, mbokmanawa loewih betjik batangané maoe disimpen baé, déné Saptoe manèh ditjotjogaké. Mbok manawa ing embèn mboeri bakal dianakaké punten kanggo sapa kang bener. Nanging bab iki ing tembé mboeri bakal diwarak-warakaké ing kéné.

TJANGKRIMAN ANJAR.

1. Ana temboeng rong wanda, ateges ora olèh. Jèn ing ngarep diwènèhi m dadi arané woh-wohan, jèn ing ngarep diwènèhi w dadi pérangané awak, ing ngarep g lan ing mboeri h dadi djenengé kéwan, ing mboeri r

dadi sinaoe, ing mboeri ng mbandjoer kanggo mangan.

(NG. SOEDJONO
Taloen Malang)

2. Golèkana araning kéwan kang soemlempit ing oekara iki:

- a. Akoe tjingklak - tjingklak, awit boengah banget.
- b. Lé, toekoea soeroeh menjang waroengé mbok Pardjan.
- c. Soedarma tjantjoet arep geloet.
- d. Tak kira si Ahmad kowé iki maoe, djeboel Oesman.
- e. Sarinten, sapa sing arep menjang pasar?

(SAMSOERI, Blora)

3. Tjangkriman gegajoetan karo ilmoe boemi.

- a. Koetha endi kang nggegilani?
- b. Goenoeng endi jèn isih enom rasané sepet?
- c. Poelo endi kang dadi pangané sawenèhing bangsa?

(Wedh ATMADJA).

DONGÈNG

NABI MOESA.

KATJARITA bareng Nabi Moesa woes gedhé, noeli diatoeraké menjang ing Kraton Mesir, awit kapoendhoet poetra déning Sang poetrining Radja Pringon ing Mesir. Kaja kang woes kaemot ing P. S. no. 33 tanggal 17 April 1937.

Sarèhning Nabi Moesa dadi poetraning Sang Poetri ing Mesir, moela bandjoer kawoelang sakèhing kapinteran lan kawasisanné wong Mesir, nganti baed ing pamitjara lan panggawé. Bareng Nabi Moesa woes diwasa ngerti jèn bangsané kang padha manggon ing bawahé Radja Mesir maoe tansah disij-sija, awit mbok manawa Radja Pringon ing Mesir maoe ora ngerti marang asal-asalé bangsa Israel kang padha ana ing wawengkoné ing bijèn-bijéné, marga saka panggawéné Nabi Joesop kang djoeneng Adipati Anom kang witjaksana bisa miteloengi marang kasoesahané bangsa Mesir kang dilika padha katradjang ing pailan 7 taon lawasé.

Moela ija dadi ana lelakon kang mangkana.

Nabi Moesa bareng priksa ana lelakon kang kaja mangkono maoe, panggalihé sangsaja krasa

lan prihatin, rina-wengi panggalihé saja ora kapénak, tansah nandhang soerah marga bangsané maoe tansah sinija-sija.

Moela sanadijan Nabi Moesa maoe ana sadjroning Kraton moekti wibawa tan koerang sawidji apa, éwadéné priksa jèn bangsané nemoe panindhes marga dieboti sasangané, moela panggalihé saja ora wantala.

Moelané Nabi Moesa bareng woes joeswa, loemoeh kaseboet poetrané Radja Poetri milaoer béla bangsané kang kinoeia-koeja tinimbang ngalami moekti wibawané moeng kanggo dhiriné pribadi.

Katjarita Nabi Moesa ing sawidjining dina mijos saka kraton soemedija mirsani marang para kadangé (bangsané) kang lagi nandhang panindhes lan panjia-njiané Radja Pringon. Bareng Nabi Moesa priksa ana wong Mesir kang lagi nggitiki wong Ibrani (Israèl), Nabi Moesa toemoeli djadja bang mawingawing a. sarta sedja arep béla bangsa kang lagi nemoe bebaja ikoe. Penggalihé Nabi Moesa panas banget roemangsa bangsané disepèlakaké, ora ana adjiné babar pisan. Wong Mesir maoe toemoeli tjenekel déning Nabi Moesa lan cipatèni pinendhem ing pawedhèr.

Ing sawidjining dina Nabi Moesa ija tindak manèh noeweni para kadangé, nanging dilalah bandjoer priksa ana sadoeloer padha sedoeloer padha pepadon. Nabi Moesa toemoeli ndangoe marang wong maoe, soemedya ngelikaké lan ngroekoenaké, padha diroekoen oerip bebrajan ana donja kéné. Nanging kang didangoe wangsoelané djeboel ora gawé kapénaké panggalihé. Malah wangsoelané wong maoe: „Sinten ingkang ngadegaken sampéjan dados loerah lan Chakim koela? „Poerapa sampéjan niat badhé medjahi koela kados nalika sampéjan medjahi bangsa Mesir?

Nabi Moesa bareng midhanget wangsoelan kaja mengkono panggalihé sansaja ora kapénak, kwatir jèn prakara ikoe nganti kapriksan Sang Praboe.

Bareng Sang Radja Pringon midhanget lelakonné Nabi Moesa kaja mangkono ikoe, bandjoer ngoedi toemoeh. Nabi Moesa toemoeli lolos saka kraton Mesir, tindak sesingidan menjang tanah Midyan, perloe ngoengsekaké salira pribadi lan soemedya angon mangsa.

M. OETAMA.

PANGOELIR BOEDI

PRIJSVRAAG.

Tekané soerat-soerat saka botjah - botjah kang padha mèloe mbadhé Prijsvraag kang kapatjak ing Taman Botjah Panjeban Semangat No. 38 tanggal 22 Mei teroes - teroesan baé, nganti mbingoengaké kang ngoeroes prijsvraag maoe. Nanging rehne ing kono diterangaké jèn kang oleh prijs jaikoe botjah 5 kang bener pambathangé lan tekané batangan dhisik dhéwé, moelané kang teka kari ja wis ora kanggo. Kang mbadhé ora nge-moengaké poeloehan baé nanging atoesan jaikoe kang nganggo postblad 43, briefkaart 116, soerat toetoeapan 57, déné kang digawa dhéwé menjang kantor ana 69, dadi kabèh ana 285. Kang teka dhisik bebarengan ana 14, déné sawisé dioendhi kang olèh prijs jaikoe:

1. Mej. Soetiati, 4de H. I. S. Mulolaan.
2. Mej. Soesijah, 3de H. I. S. Sroenistraat.
3. R. Hartojo p/a R. Noto-dibardjo, Tembokdhoekoh 1/2.
4. Soetomo p/a M. Moehammad Sin. Kedoengklinger 1/37.
5. Mokh. Iksan, Tambangbojo III/76. Botjah 5 maoe kabèh saka Soerabaja.

Bathangané kang bener jaikoe r

1	15	14	4	2	8	11	13
12	6	7	9	3	16	5	10
8	10	11	5	14	1	12	7
13	3	2	16	15	9	6	4

8	3	14	9	1	12	8	132
10	13	4	7	14	7	11	
1	6	11	16	15	6	10	3
15	12	5	2	4	9	5	16

lan isik akèh manèh.

WANGSUELAN.

BOTJA-BOTJAH.

Rèhné ora ana panggonané moelané soeratmoe ora bisa diwangsoeli kabèh.

Moela ja adja dadi atimoe.

Soepijati, Tjipellanweg. Wis katampa, bener, nanging telaat.

Soewondo Mr. Cornelis. Tjangkriman ngiras lelagon wis katampa, jèn wis ana papané bakal dipasang.

Soewirjo, Bodjonegoro, moega-moega ndang loeloesa, soepaja bisa neroesaké anggonmoe langganan P. S. Akoe dhéwé ja ngrasa anèh, apa kowé ora salah panampa?

Wedh. Atmadja. Tjangkriman wis katampa kabèh. Sabar dhisik, isih koerang panggonan. Endi karangan lijané? Kirimna kaja adat saben baé dhisik.

Sri Oetami: Soepaja P. S. ora nganti medhot, iboemoe élingna adja nganti noenggak pembajaré.

REKSODIPOETRO

Gentengkali No. 25 Sb.

Jalah satoe-satoenja tabib di Soerabaja jang soedah terkenal.

Sanggoep menolong boeat merawat roepa-roepa penjakit, dengan tjara jang terang dan tjotjog dengan akal. Seperti: Rheumatiek (entjok), pegel, linoe loempoe, semper, badan lemah.

Zenwien, poesing kepala, masoek angin, dada nratap, badan mati separo, bengkak-bengkak (beri-beri). Penjakit di dalam peroet, seloeroeh badan berasa tjekot-tjekot, tidak bisa tidoer, tidak enak makan, dan l.l.


Tidak oesah toean ragoe², bawalah penjakit toean pada saja. Kalau saja tidak bisa tentoe tidak soeka menerima.

Orang toea bisa poenja kekoetan badan seperti moeda dalam tempo 6 boelan.

Orang jang koeroes badannja bisa gemoek, djoega dalam tempo 6 boelan, asal sadja tidak poenja penjakit long.

Penjakit: T. b. c. Asthma, (mengi) Ambeien, loeka-loeka, koeping, mata, pilek dan sakit perempoean, saja tidak bisa menolong.

Semoea rawatan dilakoekan zonder obat.



館印華外中刷印版電華英

STEMPEL-EN CLICHE FABRIEK

ING HWA

TJANTIAN DOEKOE 23 SOERABAIA

Schoolvereeniging

AMONG - SISWO

Patjarkembangstraat no. 40
(Patjarkeling) Soerabaja.
Peil sebagai H.I.S. sampai
kl. 4

Pendidikan terpelihara, alat
mengadjar tjoekoop, goeroenja bevoegd.

Pendoedoek Patjarkeling
dan sekitarnja, masoekkanlah
anak - anak toean dalam
pergoeroean ini.

PENJAKIT RASIA

Penjakit Rasia itoe, koerang koewat bagi kaeom Laki seperti ilang tenanganja, atawa koerang sampoerna semoestinja, dan lainja.

Riboean orang kaeom laki (Toea, Moeda. Mampoe, Tida mampoe) mengandoeng seroepa ini penjakit, jang bikin ilang iapoenja penghidoepan Girang dan Aman.

Bersama ini saja kasi kabar seneng pada sekalian Toean-toean dan Soedara-soedara. Beratoesan orang jang mengandoeng seroepa ini penjakit, lantaran dari saja poenja obat² soeda mendapat kembali penghidoepan jang Aman dan Girang sampe sampoerna.

Maka sekalian Toean - toean. Soedara - soedara jang mengandoeng seroepa ini penjakit, ingin dapet kembali penghidoepan jang Girang dan Aman, silahkenlah dateng di saja poenja roemah obat, of boleh panggil, atawa toelis soerat di terangkan hal keadaaan badan.

Penjakit Rasia kedoea, sakit kentjing jang soeda lama tida mae baik-baik Etc. djoega di obatn sampe baik.

Adres - adres dan soerat - soerat di simpen dengan Rasia.

Menoenggoe dengan hormat

TABIB ABDULHAMID

BALIWERTI 80 - TELF. ZUID 3383 SOERABAIA.

MUSEUM KON. BATAVIAASCH GENOOTSCHAP

di Betawi telah memesan oentoek bibliotheeknja ini doea matjam boekoe karangan Imam Soepardi:

1. KINTAMANI, kissah asmara di poelau kajangan Dewa. f 0,60
2. WATANGAN DAN BOENTARAN lakon pada masa Dewi Soehita. . . . f 0,30

Satoe tanda doea matjam boekoe ini patoet di simpan karena isinja.

PILL-BOBOT.

Saorang hartawan bisa merasa djengkel kapan menikah sekian waktoe lamanja masi beloem dapat toeroenan. Sebab sang „harta-Poesaka“ zonder ada orang jang ngoeroes. Tapi itoe semoea kasoelasan bisa di bikin hilang, kapan siistri di kasi makan dengan Pill-Bobot, sebab tidak antara lama lantasi „DOEDOEK - PEROET“.

Perkara kamandjoeran soedah di kenal oleh orang banjak. Di Tabanan (Zuid Bali) Pill-Bobot telah di bikin Boeah - Toetoer oleh rata-rata pendoedoek tentang ka-istadjabnja.

Perempoean jang beloember-soemi dilarang - keras makan ini Pill.

Per botol f 4. - lain ong-kost kirim brikoet atoeran pake.

Hoofd depot
SIE TIK HOO
Pasar Baroestraat
Singaradja.

SAIF

KRAMAT BANTOENG 72 SOERABAIA

Electris en Sportartikelen

Sedia tjoekoop alat Badminton

HARGA BERSAING.

„HOTEL KAWI“.

Kidoel Pasarstraat 60.

— MALANG —

Soeatoe Hotel Indonesia jang segala - galanja teratoer radjin, kamar - kamar terhijas dengan waschtafel, sedang tariefnja hanja f 0.75 seorang dan f 1.25 doea orang.

Poedjian tak goena. Saksikanlah.

De Eigenares
Mevr. WARSINI

Batjalah Dagblad

„TEMPO“

Directeur: Dr. R. SOETOMO
Hoofdredacteur: R. WINARNO

KARENA:

Soeatoe Dagblad jang menoeroet Tempo! Harga abonement seboelan tjoema f 1. - Tiap² hari terbit doea lembar. Kabar² dari Sport, Radio, dsb. masoek semoea! Artikel-artikel berisi dan Djitoe.

Kantor Redaksi dan Administrasi:
Paviljoen Gedong Nasional, Boeboetan 1,
Soerabaia, Telefoon Zuid 3489.

Nomor pertjontohan dikirim dengan pertjoema!

Kalau toean ingin membatja kabaran jang hanbat, pemandangan jang loeas, dan artikel jang berharga, berlanggananlah dagblad:

SOEARA OEMOEM

Harga abonement f 4.50 sekwartaal. Adres Administratie: Boeboetan 1 Soerabaja.

TOKO „KASATRYA“

Djagalan Penelehstraat 11
SOERABAIA.

Agentschap saking

H. V. RIJWIELHANDEL
J. J. W. AVIS.

lan Rijwiel reparatie atelier.
Sadé sepédha Fongers, Avis lan
sanès - sanèsipoen oegi nampi
garapan andandosi sepédha sa-
warnipoen merk. Prekakas sepé-
dha Fongers lan Djepang oegi
koela sedhijani. Nengga rawoeh-
ipoen para Priantoen.

Oegi njedhijani djampi Djawi sa-
king roemah-obat R. A. Kartini.

R. GOENAWAN.

DJANGAN POEToes ASA : BERHARAPLAH.

Siapa tahoe kalau sekarang da-
tang peroentoengan toean
dengan beli

Loterij Baroe

Hoofdprijs F 75,000.—
pada

Adjar

Paviljoen G. N. I. — S'baja.

Harga: } soedah terhi-
1/4 " " 3,35 } toeng ongkos
1/2 " " 6,25 } kirim. Rem-
1 " " 12.— } bours tidak di-
terima.

Oentoek meringankan ongkos,
oeang pesanan bisa dikirim ber-
sama oeang langganan „P. S.“



**Balsem Tjap
Matjan**
soedah terpoedji
kemandjoerannja
boeat hilangkan
penjakit Peroet,
Rheumatiek,
Kepala poesing,
Entjok, Linoe
dan
sebagainja.

BISA DAPAT BELI DIANTERO TEMPAT

Vereeniging

„Vrouwentehuis Soerabaia“

Pasar Besar Wetan 38 Soerabaja. Tlf. Z 860.

Soeatoe perhimpoean jang memberi perlindoengan pada
kaoem perempoean jang tersesat dan terlantar.

Di pondokan mareka dididik mendjadi baboe, kokki,
naaister d. s. b. agar soepaja bisa dapat mentjari penghi-
doepan sendiri.

Tolonglah kaoem perempoean ini.

Keterangan lain lain diberi oleh.

Beheerder Vrouwentehuis

Pasar Besar Wetan 38.



WATERLEIDING

Kawatan Telf. 3126 Z.

KAWATANSTRAAT 9 C MOEKA
Kp. MASPATI.
Soerabaia.

TANGGOENGAN

Bagi Toean - toean poenja KEBON
tjoetji - tjoetji piring dan lain - lainja.

PASANG POMPA BOOR,
ZONDER SOEMOER.

Bisa digoenakan segala kaperloean.
Sedia matjam - matjam putpompen
dan perkakas Waterleiding.

Tarief

Harga pasangan biasa. . . f 14.—
Dengan saringan. f 17.50

Bisa dibajar tiga kali.

DANIJEBAR- SEMANGAT

..... Moeng saprepara koedoe disapoe bersih kang loemèngkèt ing wewatakané bangsakoe Indhonesia, loewih loewih bangsa Djawa, jaikoe ing bab karojalané. mBokmenawa ora ana bangsa lija kang loewih rojal s'ka bangsa kita Djawa.

..... Sawatara wektoe kepoengkoer, ing kéné oega ana gerakan soepaja nganggo penganggo gawéjané dhéwé, diarani gerakan swadhesi, nanging nalikané semono, wong wong enggonné nganggo penganggoné swadeshi maoe moeng jèn nalikané noedjoe menjang vergadering waé. Déné jèn ana ing omah, jèn leloengan, nganggo penganggo loemrah, kang malah bandjoer saja moewoehi ragadé, koedoe nganakaké ragad loewih larang saka mesthiné.

Dr. R. SOETOMO

(Ing parepatan ing Sanaharsana Solo).



„HOTEL KAWI“.

Kidoel Pasarstraat 60,
— M A L A N G. —

Soeatoe Hotel Indonesia jang segala-galanya teratoer radjin, kamar-kamar terhijas dengan waschtafel, sedang tariefnja banja f 0.75 seorang dan f 1.25 doea orang.

Poedjian tak goena. Saksikanlah.

De Eigenares
Mevr. WARSINI

Schoolvereeniging

AMONG - SISWO

Patjarkembangstraat no. 40
(Patjarkeling) Soerabaja.
Peil sebagai H.I.S. sampai
kl. 4

Pendidikan terpelihara, alat
mengadjar tjoeboek, goe-
roenja bevoegd.

Pendoedoek Patjarkeling
dan sekitarnja, masoekkanlah
anak-anak toean dalam
pergoeroean ini.

REKSODIPOETRO

Gentengkali No. 25 Sb.

Jalah satoe-satoenja tabib di
Soerabaja jang soedah terkenal.

Sanggoep menolong boeat
merawat roepa-roepa penjakit,
dengan tjara jang terang dan
tjotjog dengan akal. Seperti:
Rheumatiek (entjok), pegel, li-
noe loempoeh, semper, badan
lemah.

Zenuwen, poesing kepala,
masoek angin, dada nratap,
badan mati separo, bengkak-
bengkak (beri-beri). Penjakit
di dalam peroet, seloeroeh ba-
dan berasa tjekot-tjekot, tidak
bisa tidoer, tidak enak makan,
dan l.l.

Tidak oesah toean ragoe²,
bawalah penjakit toean pada
saja. Kalau saja tidak bisa ten-
toe tidak soeka menerima.

Orang toea bisa poenja ke-
koetan badan seperti moeda
dalam tempo 6 boelan.

Orang jang koeroes badannja
bisa gemoeck, djoega dalam tem-
po 6 boelan, asal sadja tidak
poenja penjakit long.

Penjakit: T. b. c. Asthma,
(mengi) Ambeien, loeka-loeka,
koeping, mata, pilek dan sakit
perempoean, saja tidak bisa
menolong.

Semoea rawatan dilakoekan
zonder obat.

PENDAPETAN BAROE DARI INGENIEUR INGGRIS

Perjisan lapes emas dengan techniek pendapetan baroe
dari Ingenieur bangsa Inggris.

Kwaliteit lapesan aloes dan radjin, tjahaja 22 krt. (emas-
oekon) koewat tanggoeng 10 taoen dan
model barang paleng baroe (model 1937).

Gelang-tangan oekiran berkembang,	per paar f 7,50
Gelang rantei di-ijasin dengan rantei ketil boe- at madalion,	per stuk f 5,—
Gelang krontjong oeki- ran berkembang (2 ma- tjem 6 stuk),	per stel f 6,—
Madalion boeat gelang rantei atawa kaloeng,	per stuk f 3,—
Rantei kaloeng model bidji ketimoen atawa lain model,	per stuk f 3,—
Haarspel roep ² matjem model Preanger,	per stuk f 4,—
Kebajak speld roep ² matjem model paleng baroe, (brikoet ranteinja),	per stel f 4,—
Rantei horloge model bias,	per stuk f 4,—
Rantei horloge pakei stempel knop,	per stuk f 6,—



Harga terseboet beloem teritoeng onkost kirim,
kaloe kirim oewang doeloe dapet onkost kirim vrij.

GOUDSMEDERY
„SAFETY“
TOELOENGAGOENG.

SOEDAH 200 TAOEN.

Menoeroet receipt-recept aseli jang toeroen menoeoen soedah 200 taoen dan
setjara hygiensich ada terbiklania kita poenja kloearan djamoe djamoe Djawa.
Djamoe Djawa jang terbikin menoeeroet receipt aseli, kemandjoerannja soedah
terkenal sendiri beratoes ratoes taoen srenta soedah dapet banjak poedjian
dari docter docer Europa, maka djangan samakan kita poenja kloearan
djamoe degen segala djamoe jang terbikin menoeeroet receipt sembarangan.

„Djamoe poetri“ Special boeat orang Prempoean, membikin badan
langsing dan singset, mengilangkan lesoe, memlira dalam peroet, menjeja
dara-poetih dan menentu-een datengnja kala kotor. Prempoean jang gemoeck
tapi kendor, koeroes kering, berpenjakitan dan moeka poetjet, bisa disemboeh-
kan dengan ini djamoe.

Harga 1 botol f 2,— 1/2 botol f 1,25

„Djamoe prijaji“ Special boeat orang lelaki, mengoewatkan badan
lambek dan zwak, menambakan dara dan membikin kekoewatan badan
srenta napsoe kemoedahan.

Harga 1 botol f 2,— 1/2 boto' f 1,25

„Djamoe be-anak“. Ini djamoe boeat orang beranak compleet
boeat dipake sampe 40 hari

Harga f 6,50

„Djamoe Pek-tay“. Boeat orang prempoean jang mengloearkan
dara poetih, badan selaloe merasa lesoe dan moeka poetjet. Penjakit
mengloearkan dara poetih moesti lekas diobatja, sebab kaloe kasop bisa
sakit kematoes atawa t.b.c.

Harga 1 botol f 3,50 1/2 botol f 2,—

„Djamoe sak t kotor“. Boeat sakit kentjing nanah atawa sakit
kentjing berasa sakit dan laen-laennja penjakit kotor. Ini djamoe teroe-
tama boeat tjoeetji darah.

Harga 1 botol 250 pills f 2,50 1/2 botol 100 pills f 1,25

„Djamoe sriawan“. Boeat sakit moeloet, lidah dan isit [goesi]
bengkak, dalem leher berasa sakit, moeloet baec boesoek dan djoega
boeat sriawan dalam oesoes dan peroet, peroet moeles dan senep.

Harga 1 botol f 2,50 1/2 botol f 1,50

„Djamoe medjen“. Boeat medjen dara atawa ingoes; peroet se-
laloe berasa aken bawang kotoran, tapi selaloe kloear sedikit sedikit
tertjamper dara atawa ingoes, dan atawa teroes montjor djoega ter-
tjamper dara atawa ingoes.

Harga 1 botol f 3,— [Tida ada jang 1/2 botol, sebab 1/2 botol ketang-
ngongan boeat menjemboeken penjakit medjen].

Harga-harga terseboet atas beloem teritoeng onkost kirim. Segala
penjakit jang djamoenja tida terdapat dalem lijst diatas, bole madjoekan
pertainja'an, kaloe kita ada sedia receptnja tentoe soeka hikinke dengan
harga pantas, dan kapan tajak harep dilampirin franco f 0,12 1/2 boeat
soerat balesannja.

Jang menoeengoe pesenan:
Mevr. TIO TWEE NIO
Toeloengagoeng SS/OL

SITTI - ROESLICHAH

Batikkery & Batikhandel

NOTOPRADJAN

Djakakarta — Java.

Adres jang menjediakan beberapa matjam batik keloea-
ran Djokja. Dari kembang dan tjoraknja, babaran serta
harganja ta'oesah toean koeatirkan, tentoe toean akan
mendapat keontoengan. Boeat didjoel lagi atau dipakai
sendiri dengan senang hati kami telah bersedia oentoek
mengirimkannya. Hanja seboetkanlah nama matjam batik
itoe oempama: oekel, nitik, gringsing liris, rini enz. Dan
kalau toean soeka jang pakei streep merah atau hitam,
saroeng toempal merah atau boket merah, seboetkanlah
djoega.

Harap diketahoei, segala permintaan teroes dikaboel-
kannja, hanja kepada toean-toean jang telah mengirimkan
oeng seperempat dari djoemlah harga permintaannja, dan
seteroesnja pengiriman dilangsoengkan dengan reimbours.

HARGA PER POTONG JANG KELOEARAN TJAP.

Kain pandjang moelai	f 1.—	sampai	f 5.—
Saroeng	„ „ 0.90	„ „	4.—
Destar	„ „ 0.75	„ „	2.—
Slendang	„ „ 0.75	„ „	2.—

HARGA PER POTONG JANG KELOEARAN TOELISAN TANGAN.

Kain pandjang moelai	f 1.—	sampai	f 15.—
Saroeng	„ „ 1.50	„ „	10.—
Destar	„ „ 1.—	„ „	5.—
Selendang	„ „ 1.—	„ „	5.—

Memoedjikan dengan hormat.